ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№99 (24.849) ● 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●



# Лъэмыжхэр тралъхьэ, къагъэщIэрэщIэж

**Республикэм щыпащэ лъэмыжхэр, автомобиль зекIуапIэхэм Iэтауэ щхьэщыкI гъуэгухэр ухуэным. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналымкIэ цIыхухэр щыгъуазэ ещI а лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым.**

ИЛЪЭСИХЫМ къриубыдэу апхуэдэ ухуэныгъэу 23-рэ зэфIагъэкIащ. Мы зэманым яужь итщ Май - Урожайнэ - Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэм и гъунапкъэр зэпызыщIэ гъуэгум хыхьэ, Тэрч псым телъ лъэмыжыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжы-ным. Ар ухуэныгъэшхуэщ, метри 162-рэ и кIыхьагъыу. IэщIагъэлIхэм лъэмыжым и пкъыр ягъэбыдэ, абы пыщIа зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэфIагъэкI. ИужькIэ асфальт-бетон зэхэщIам хуэдэ тралъхьэнущ, шынагъуэншэу щызекIуэным хуэщIа псомкIи къызэрагъэпэщынущ.

Урысейм и автомобиль гъуэгу нэхъыщхьэхэм хабжэ гъуэгуу Налшык-Май къалэхэм яку дэлъым щыщ Iыхьэм зы лъэмыжрэ машинэ зекIуапIэ нэхъыщхьэм щхьэщыкI гъуэгуитIрэ щызэрагъэпэщыж. Ухуэныгъэхэм хэлъ гъущIхэкIхэм, бетоным псыр зэран хуэмыхъун папщIэ зы-хуэфащэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI, гъуэгум асфальтобетон тралъхьэ мы зэманым.

Лэскэн 1 - Лэскэн Ипщэ - Ташлы-Тала - Хъазнидон автомобиль гъуэгуми къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыж абы хиубыдэ псыщIэгъэлъадэ кIэнауэм телъ лъэмыжыр. Абдежым лъэмыжым и пкъоущIэхэр щагъэув, и щхьэри щIэкIэ щызэрахъуэкI.

Гъуэгухэм ехьэлIа проект нэхъ ин дыдэр икIи нэхъ гугъур ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм къыддиIыгъа, Шэджэм ЕтIуанэмрэ Булунгурэ зэпызыщIэрщ, - жеIэ республикэм и Iэтащхьэм. - Абы лъэмыжибгъу, псори зэхэту метр 214-рэ я кIыхьагъыу, къызэщIаубыдэ. Ахэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, гъэбыдэныр Iэмалыншэ хъуат. Мы зэманым ирихьэлIэу лъэмыжитхур зыхуей хуагъэзащ, плIым иджыри йолэжь.

Лъэмыжхэм жылэхэр зэпащIэм, гъуэгум текIуадэ зэманыр ягъэмащIэм и мызакъуэу, щIыналъэхэм, республикэкэм я сату, туризм, экономикэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми заужьыным хуощхьэпэ. Ахэр тыншу къыпхуэгъэсэбэпу, шынагъуэншэу щытыным и гугъу лейуэ щIэпщIыни щыIэу пIэрэ?

Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейщ иджырей лъэмыжхэм я зэпкърылъыкIэр гугъуу зэрыщытыр икIи ахэр мардэм тету бгъэувын папщIэ а лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлI, инженер Iэзэхэр уиIэн, ухуэныгъэм ехьэлIапхъэ пкъыгъуэ нэхъыфIхэр къыхэпхыфын, абы техникэ хэха егъэувэлIэн хуейщ. Мы гъэм дэ зэуэ лъэмыж 14-м долэжь, псори зэхэту метр 681-рэ я кIыхьагъыу.

Ар ди гъуэгуухуэ IэнатIэм дежкIэ икъукIэ лэжьыгъэшхуэщ, а Iуэхум и пIалъэ къэщIэнымкIи Iэмалышхуэщ икIи ар къэкIуэну зэманхэми къытхуэщхьэпэжынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

**Еджагъэшхуэ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ ядэIыгъын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и грантхэр гъэувыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ социально-экономикэ къалэнхэр зэфIэгъэкIын, еджагъэшхуэ ныбжьыщIэхэр щIэныгъэ (щIэныгъэ-къэхутэныгъэ), щIэныгъэ-техникэ, инновацэ лэжьыгъэм нэхъри жыджэру хэшэн папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIэныгъэ лъэщагъыр хъумэн икIи абы зегъэужьын мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Сом 300000 дэтхэнэри хъууэ, зэпеуэр и лъабжьэу къыхаххэурэ хуагъэфащэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и грантхэу илъэс къэс ирату тху гъэувын, Урысей Федерацэм и законодательствэм тету ятхауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ IуэхущIапIэхэм, къыхагъэщхьэхукIа IэнатIэхэм щIэныгъэ (щIэныгъэ-къэхутэныгъэ) икIи (е) щIэныгъэ-техникэ лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкI еджагъэшхуэ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ дэIыгъын мурадкIэ.

2. Мыпхуэдэу гъэувын:

Грантхэр 2027 гъэм къыщыщIэдзауэ ират;

грантхэр зратынухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ къыхах грантхэр иратын папщIэ зэпеуэм къырикIуахэр я лъабжьэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къызэрыхилъхьам тету.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм:

грантхэм теухуа положенэу грантхэр зэрырат Iэмалхэмрэ щIыкIэмрэ, грантхэр къэхьыным хущIэкъухэр къызэрыхах, грантхэр зэрырат Iэмалхэр зэрагъэзащIэм и мониторинг зэрырагъэкIуэкI щIыкIэхэр зыубзыхур къищтэн хуейщ;

зи чэзу финанс илъэсымрэ къыкIэлъыкIуэ илъэсхэмрэ ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетхэм я проектхэр щызэхилъхьэкIэ грантхэр иратыным хухахыну бюджет ахъшэхэр къыщилъытэн хуейщ;

грантхэр иратыным теухуа зэпеуэр илъэс къэс ирагъэкIуэкIыныр къызэригъэпэщын хуейщ.

4. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм шыщхьэуIум и 12-м*
*№88-УГ*

# Херсон щIыналъэм къикIахэм ядогуашэ

**Мы махуэхэм ди республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIэщ Херсон областым щыщ IэщIагъэлI гуп. Аруан районым и администрацэм и пресс-IэнатIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Голопристанскэ районым къикIа IэщIагъэлIхэр щIыналъэм щыкIэлъоплъ, зыщыхуагъасэ Iуэху зехьэкIэ мардэхэм, ди щIыпIэм лэжьыгъэхэр зэрыщызэфIах технологиехэм щыгъуазэ зыхуащIу. Iуэхум хэт лъэныкъуитIым я дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ а лэжьыгъэм и тегъэщIапIэщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыпIэ унафэщIхэм абы ехьэлIауэ пщэ-рылъ ящищIа Iуэхугъуэхэр.**

ХЕРСОН областым къикIа IэщIагъэлIи 6-р щхьэхуэу ирагъэбыдылIащ администрацэм и къулыкъущIэхэм. Ахэр я нэIэм щIэтщ Аруан район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэхэмрэ IэнатIэм и къудамэхэм я унафэщIхэмрэ. КъинэмыщIауэ, администрацэм и унэм абыхэм щыхухахащ лэжьыгъэхэм кIэлъыплIыну Iэмал щаIэну щIыпIэхэр, зызыхуагъэсэну я мурад унэтIыныгъэхэм хуэщIа программэхэри хуит хуащIащ.

Гъунэгъу щIыналъэм къикIа IэщIагъэлIхэр ди щIыпIэм тхьэмахуэкIэ щыIэнущ. А зэманым къриубыдэу ахэр Аруан район администрацэм щекIуэкI Iуэху зехьэкIэм кIэлъыплъыну къудейкъым, атIэ езыхэми ябгъэдэлъ зэфIэкIхэмкIэ бысымхэм ядэгуэшэнущ - лэжьыгъэ мардэхэмкIэ зэхъуэжэнущ. А псори сэбэпышхуэ хъунущ щIыналъэхэм я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри гъэбыдэнымкIэ. Iуэхум хэт IэщIагъэлIхэм я Iэзагъымрэ щIэныгъэмри нэхъри хагъэхъуэнущ, шэч хэмылъу.




- Махуэ зыбжанэкIэ екIуэкIыну лэжьыгъэхэр купщIафIэу, хьэлэмэту, лъэныкъуитIым ди дежкIи гукъинэжу зэрыщытынур хьэкъщ. ХьэщIэхэр гуапэу къедгъэблэгъащ икIи лэжьыгъэфIхэр зэрызэфIэдгъэкIыным дыхуэхьэзырщ псори, - жиIащ Аруан щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит. - ХьэщIэ зи щIасэ кавказ щIыналъэм, ди республикэм зэрыщыIэну махуэ зыбжанэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ иредгъэхьэкIыну ди мурадщ гъунэгъу щIыпIэм къикIа IэщIагъэлIхэм.

Лэжьыгъэм ехьэлIа Iуэху щхьэпэхэм къадэкIуэу хьэщIэхэр щыгъуазэ хуащIынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыуэпс дахэм, щэнхабзэ къулейм, ерыскъы къэуатхэм. ЗэрытраухуамкIэ, ди республикэм и Аруан район администрацэмрэ Херсон областым хыхьэ Голопристанскэ районым и администрацэмрэ зэрызэдэлэжьэнумкIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэнущ, абы ехьэлIа къэрал дэфтэрхэми Iэ щIадзынущ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

● ТекІуэныгъэ Иныр - 80

# Хахуагъэмрэ зэфІэкІымрэ

**Совет цІыху мелуан 26-рэ мин 600-рэ зыхэкІуэда Хэку зауэшхуэм и гугъу щІын зэи быухынукъым, сыту жыпІэмэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми - хэкІуэдахэми, илъэсиплІкІэ зи лъахэм щІэзэууэ ныкъуэдыкъуэу, псэ хьэзабыр я плІэилъу къэзыгъэзэжахэми я цІэ къипІуэну, уатепсэлъыхьыну къалэжьри. ЗауапІэм щыкІуэдам нэхърэ нэхъыбэщ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр зыдыхьа къалэхэм, къуажэхэм щызэтраукІахэр, лэжьыгъэ хьэлъэкІэ ягъэлІахэр, мэжэщІалІагъэмрэ щІыІэмрэ яхьахэр. ДэтхэнэрипфІэпсэкІуэд хъуну щытщ, гъащІэ гугъу къагъэщІащи, гугъу ехьу я псэр ятащи...**

НОБЭРЕЙ си тхыгъэр зытеухуар гугъуехь куэд зыгъэва, илъэсиплІми зауапІэм Іута, атІэми къигъэзэжу и унагъуэм зэрыхэсыжам иринэсыпыфІа, Урыху къуажэм щыщ Къардэн Хьэрун Хьэжсуп и къуэращ.

1941 гъэм зауапІэм Іухьащ илъэс 21-рэ фІэкІа мыхъу щІалэщІэр. Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Кавказым къэса иужь, Хьэрун зыхэта артилерие полкым къигъэзэжри, ди щІыналъэр хуит къэзыщІыжахэм яхэтащ. Ростов и деж, апхуэдэуи Украинэм, Польшэм, Чехием, нэгъуэщІ щІыпІэхэми щызэуащ. Берлин нэсахэм яхэтащ ар, Рейхстагым ныпыр щытрагъэувэм щІытІым ису зэрилъэгъуауэ щытар жиІэжырт Хьэрун. 1947 гъэращ зауэм къыщикІыжар, и щхьэм кантузие иІэу. Зауэ нэужь илъэситІым Кърымым щыІащ зэфІэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэ хьэлъэ зыщІахэм яхэтащ.

ИлъэсиплІым, абыхэм къакІэлъыкІуэ гъэ гугъухэм къриубыдэу зэрихьа хахуагъэмрэ лІыхъужыгъэмрэ къыпэкІуэу абы къахуагъэфэщащ дамыгъэ лъапІэхэр. Псалъэм папщІэ, Хьэрун къратащ «Прагэ хуит къэзыщІыжахэм зэрахэтам папщІэ», «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Германием дызэрыщытекІуам папщІэ», Хэку зауэшхуэм и зэманым гуащІафІэу зэрылэжьам папщІэ, СССР-м ІэщэкІэ зэщІэузэда къарухэр илъэс 50, ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 20, илъэс 30 щрикъухэм ягъэуваувэ щыта медалхэр, 1973 гъэм екІуэкІа гуащІэдэкІ зэхьэзэхуэм зэрыщытекІуам и щыхьэт дамыгъэр, Хэку зауэшхуэм къэмыланджэжу зэрыхэтам папщІэ къыхуагъэфэща тхылъыр.





ЗэрыгурыІуэгъуэщи, къомылэжьауэ апхуэдиз гулъытэ къэралым къыпхуищІынкІэ Ізмал иІэкъым. Зауэ лыгъейм хисхьа и щІалэгъуэмрэ и узыншагъэмрэ къапэкІуа пщІэт ар, зы мащІэми гуапэу. Зауэм къикІыжа иужь, совхоз лэжьыгъэм хыхьэжри, илъэс куэдкІэ абы щылэжьащ. Ар дунейм ехыжащ 1982 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м.

Зауэ нэужьращ Хьэрун унагъуэ щиухуар. Абы къишащ Хьэтуей къуажэм щыщ БищІо ФІыцІэ ипхъу Лолэ. Абыхэм бынитху зэдагъуэтащ, зэдапІащ, гъащІэм лъэ быдэкІэ хагъэуващ. ЗэщхьэгъусэхэрзэгурыІуэ-зэдэІуэжу, гуащІэдэкІыр фІыуэ ялъагъуу, къуажэм сыт хуэдэ лэжьыгъэ къыщрахьэжьэми жыджэру хэту зэрыпсэуам и щыхьэтщ Лолэ и ІуэхущІафэми игъуэта гулъытэр: абы 1977 гъэм къратащ «Лэжьыгъэм и ветеран», 1995 гъэм - «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 50 ирокъу» медалхэр.

Къыщалъхуа къэралым и щхьэхуитыныгъэмрэ и зэІузэпэщыныгъэмрэ папщІэ лъэкІ къэзымыгъэна цІыху дахэхэм, Хьэрунрэ Лолэрэ, я фэеплъыр ахэр щІэпсэуа и бынхэм хуэсакъыу яхъумэ.

**БЛИЙ Даянэ.**

# «Іуащхьэмахуэм» фыкъыщеджэ

**«Іуащхьэмахуэ» журналым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэр - 2025 гъэм и ещанэ номерыр -дунейм къытехьащ.**

ЖУРНАЛЫМ и жьантІэр ялъысащ къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирикъу тхакІуэ Жылэтеж Сэлэдин, зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу усакІуэ Хьэту Пётр, журналист Тэтрокъуэ Астемыр (илъэс 70) сымэ. Сэлэдини Пётри я гъащІэмрэ литературэ лэжьыгъэмрэ я гугъу зыщІар, я гуащІэр зэпкърызыхар филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор Хьэвжокъуэ Людмилэщ. Абы и тхыгъэхэм ящІыгъущ я усэхэр. Тэтрокъуэ Астемыр епсэлъар сэращ (И. З.), сфІэгъэщІэгъуэну, си гуапэу псэлъэгъу зыгуэр схуэхъуамэ, Астемыр етІуанэщ. ХущІыхьэну, зыхуей псоми и Іэ тригъэхуэфыну сыхуохъуахъуэ. Апхуэдэуи Астемыр и дуней тетыкІэм, и Іуэху зехьэкІэм, и цІыху щІыкІэм и гугъу ящІащ и ныбжьэгъухэу, лэжьэгъухэу БищІо Борис, Мыкъуэжь Анатолэ, БакІуу Хъанджэрий, Мыз Ахьмэд, МахуэлІ Хъаджэт, Мыз Майе, Гъубжокъуэ Раметэ, Жыгуэ Инэ сымэ.





«Прозэ» рубрикэм щІэтщ Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ и «Япэрейхэр. Гуащэм и пшыналъэ» романым и иужьрей Іыхьэр (номер зыбжанэм Іыхьэ-Іыхьэурэ итащ), Дэбагъуэ Хьэтызэ и новеллищ («ПщІыхьэпІэрэ нахуапІэрэ», «ФІыуэ флъагъухэр зыщывмыгъэгъупщэ», «Цацэ»), Джыназ Нурбий и «ПкІауэ» таурыхъыр.

МахуэлІ Нарзан и усэ купщІафІэхэращ «Усыгъэ» Іыхьэм хыхьэ напэкІуэцІхэр зыхуэхэр. «Драматургием» и лъахэм дыхешэ Гугъуэт Масирэт. Абы и «Унэидзыхьэ» ІэдакъэщІэкІым еджэхэр зэрыхущІемыгъуэжынум шэч къытесхьэркъым.

УсакІуэхэм нэхърэ нэхъ гупсысэ щІэщыгъуэхэм ущыхуашэ куэдрэ къохъу усэныр фІыуэ зылъагъухэм. Абыхэм ящыщ зыщ егъэджакІуэ Іэзэ, КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэр къызэриух лъандэрэ фІыуэ илъагъу ІэщІагъэм ирилажьэ, абы къыдэкІуэу усэнми дихьэх Вэрокъуэ СэІимэт. Аращ зи усэ журналым и къыкІэлъыкІуэ напэкІуэцІхэм дыкъыщеджэр.

Журналыр зэхуещІыж псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым, Мыкъуэжь Людмилэ зэхигъэувам.

**ИСТЭПАН Залинэ,**
*«Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.*

● Махуэгъэпс

# БлэкІар зыфІэтелъыджэхэр

**Лъэхъэнэ жыжьэу блэкІахэм къыщекІуэкІахэр, щыпсэуахэм щагъэхъахэр ди нэгу къыщІэзыгъэувэжщ «Археология» жыхуаІэр. Ар тхыдэ щІэныгъэм и гуэдзэнщ. Зэреджэр алыджыбзэм къытехъуэкІащ, archaios - пасэрей, logos - егупсысыкІэ, зыгурыгъэІуэкІэ мыхьэнэхэр къызэрыкІ псалъитІу зэхэтщ.**

«АРХЕОЛОГИЕ» фІэщыгъэм псом япэу дызыщрихьэлІэр Пасэрей Алыджым и философ цІэрыІуэу щыта Платон къызэринэкІа и щІэныгъэ лэжьыгъэхэрщ, къызэрыщыкІуэри «блэкІам ехьэлІа Іуэтэжхэу щыхьэт узытехъуэфынухэр» жыхуаІэм хуэкІуэущ.

«Археологием и махуэм и къежьэкІэ хъуам ехьэлІауэ гукъэкІыж зэхуэмыдэхэр щыІэщ. Япэрейм и гугъу тщІынщи, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и академик Янин Валентин зэрыжиІэжауэ щытамкІэ, Хэку зауэшхуэр иджыри кхэмыхьеяуэ, Новгород къалэм и Іэшэлъашэм щІытІ лэжыгъэхэр щрагъэкІуэкІырт. Зэгуэрым, шыщхьэуІум и 15-м, археолог ныбжьыщІэ , и гушыІэр япэ иригъэщу, щІэупщІат жаІэ, зыпэрыт ІэнатІэр гъэлъэпІэным теухуауэ махуэ хэха щІамыІэм. Ар зэхэзыха нэхъыжьхэм язым, сэмэркъэу папщІэу, псори зэрызэхэту зыкъызэкъуихри, «нобэ хъунукъэ?» жиІат...

КъыкІэлъыкІуэ гукъэкІыжыр пыщІащ совет археолог цІэрыІуэ Пассек Татьянэ 1947-1968 гъэхэм щІэныгъэгуэдзэу иригъэкІуэкІа зекІуэ зыбжанэм. А бзылъхугъэр тхыдэм и лъэхъэнэ жыжьэу неолитыр, энеолитыр, домбеякъыр зи тепщэу щыта лІэщІыгъуэхэр Европэм и Ипщэ-КъуэкІыпІэмкІэ (Индылымрэ Тэнрэ я зэхуакум, Украинэм, Кавказ Ищхъэрэм) зэрыщекІуэкІар джынымкІэ ІэщІагъэрылажьэ нэсу дуней псом къыщызэдалъытат. КъызэраІуэтэжымкІи, щІыгъуахэм Пассек Татьянэ апхуэдизу пщІэ къыхуащІырти, къыщалъхуа шыщхьэуІум и 15-р Археологием и махуэу гъэлъэпІэныр къызэдыхалъхьат.

Археологие унэтІыныгъэм и гуэгъу тщІыуэ нэхъ жыжьэу дыІэбэнщи, Урысейм и пащтыхьу щыта Пётр Езанэм унафэ ищІат езыр зи тепщэ къэралым зэман блэкІахэм я щІэину къыщагъуэт хьэпшыпыжьхэр и уардэунэм кърахьэлІэн зэрыхуейм ехьэлІауэ, абы къыдэкІуэуи и къыхуеджэныгъэр зыгъэзащІэ дэтхэнэми тыгъэ лъапІэхэмкІи егуэпылІэну къигъэгугъат.

ГъэщІэгъуэныр аращи, ди лъэхъэнэм (эрэм) ипэ ита VI лІэщІыгъуэм ВавилоныщІэ зыфІаща къэралыгъуэм и пащтыхь Набонид езым ипэкІэ псэуахэм я кхъэлъахэжьхэр здэщыІэ щІыпІэхэм щІытІ лэжьыгъэхэр щаригъэкІуэкІырт, къыщагъуэтхэр зэрыфІэтелъыджащэм къыхэкІыу.

Мыдрейуэ. Дэ дыщыгъуазэщ дыщыпсэу лъэхъэнэм (ди эрэм) ипэ ита 79-нэ гъэм Италие хытІыгуныкъуэр ижькІэрэ «зи унапІэ» Везувий мафІэбгым (иджырей Неаполь къалэм пэгъунэгъущ) ямылейуэ зыкъызэкъуихыу, къызыпхива магмэмрэ къызыхипхъа сахуэмрэ и Іэшэлъашэм а зэманым щыІа Помпеи къалэжь цІыкІур зэрыщІихъумэпауэ щытыгъам. А щІыпІэм 1748 гъэм щрагъэкІуэкІыгъа щІытІ лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ, зи гугъу тщІы жылэжьыр, кхъэукъащІэ шынагъуэр къыщытепсыхам хуэдэ къабзэу, къыщыщІагъэщыжауэ щытащ.

АтІэми, дызэрыт лъэхъэнэм къызэрыщІидзыжар аращи, Помпеи музей зэІухащ, уафэр «и тепІэну», еплъыну хуейхэм гъунэгъу зыхуащІыну хуиту. ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм зэригъэувамкІи, ар дуней псом пщІэ нэхъ зыщыхуэщІыпхъэ, тхыдэм и щІэин нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщщ.

Зэман жыжьэу блэкІахэм къыщекІуэкІахэр, щыпсэуахэм щагъэхъахэр зыхуэдам дезыгъэгупсысыж, уеблэмэ ахэр ди нэгу къыщІэзыгъэувэжыф щІэныгъэ-ІэщІагъэм гулъытэ хэха хуащІ щыхъуа шыщхьэуІум и 15-р мы зэманым щагъэлъапІэ Урысей Федерацэм, Белоруссием, Къэзахъстаным.

Гу зэрылъытэгъуафІэщи, зи гугъу тщІы Іуэхур зрихьэлІэр гъэм и зэблэкІыгъуэу губгъуэм хуиту ущит хъу лъэхъэнэрщ. Абы къыхэкІыуи, а махуэр а ІэщІагъэм ирилажьэхэм зекІуэм хэту зэдагъэлъапІэ.

КъинэмыщІауи, Археологым и махуэм гулъытэ хэха щыхуащІ тхылъ хъумапІэхэм, тхыдэм пыщІа музейхэм, институтхэм, нэгъуэщІхэми. Абыхэм къыщызэрагъэпэщ зэІущІэхэм щызэхуэсхэр зи гугъу тщІы унэтІыныгъэм ехьэлІауэ ягъэхьэзыра я щІэныгъэ лэжьыгъэхэм щытопсэлъыхь.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# КупщIафIэщ Вындыжь Марие и гъащIэр

**КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ, уэрэдус Iэзэ Вындыжь Марие Николай и пхъур къыщалъхуа махуэщ шыщхьэуIум и 18-р. Ар ящыщщ адыгэбзэр и псэм щыщ налъэу, и гум и къуэпсу къэзылъытэу зи дунейр езыхьэкI хэкупсэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм илъэс куэдкIэ щылэжьащ Вындыжьыр. ЦIыхубз зэчиифIэр щыцIэрыIуэщ ди къэралми лъахэми, ар урысейпсо, республикэпсо уэрэд зэхыхьэхэм я лауреатщ. И лэжьыгъэфIым папщIэ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, щэнхабзэмкIэ и министерствэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къратащ, утыкушхуэхэм куэдрэ щаIэтащ, щагъэлъэпIащ.**

АДЫГЭ бзылъхугъэ щыпкъэм и гъащIэм щызэхэухуэнащ усэ тхынри журналист лэжьыгъэри. Абы лъэпкъ радиом щигъэхьэзыру щыта нэтынхэр IэнатIэм и дыщэ фондым хыхьащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри купщIафIэщ, анэбзэр гурэ псэкIэ зыхащIэу щIэблэр гъэсэнымкIэ, щIэныгъэ тэмэм ягъуэтынымкIэ, егъэджэныгъэм и мардэфIхэм дэнэкIи зыщаубгъунымкIэ IэмалыфIхэщ. ЗэфIиха лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэри Марие и дежкIэ насып щыгъэ налъэщ. Аращ абы и усэхэм ящыщ зым «Насып ткIуэпсхэр зэхуэсхьэсауэ, ГъащIэ зэIусщэм хызогъэбыдэ» щIыщыжиIэри.

Зи IуэхущIафэхэр дахэ адыгэ бзылъхугъэр макъамэмрэ усыгъэмрэ псэкIэ дапщэщи зыхэзыщIэ цIыхущ. Вындыжь Марие и къалэмыпэм къыпыкI усэхэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым ятеухуащ. Абыхэм къызэщIаубыдэ сабиигъуэ IэфIри щIалэгъуэ дахэри, анэ лъагъуныгъэри, хэкупсэ гурыщIэхэри. Вындыжьым и усэхэм ящыщ куэдым ди композиторхэм макъамэ щIалъхьауэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм утыкушхуэхэм щагъэзащIэ. УсакIуэм и сабий уэрэдхэр цIыкIухэм я гум, я псэм нэс, абыхэм япэу жаIэ хъуахэщ.

Мариерэ и щхьэгъусэ Къэшэж СулътIанрэ (и ахърэтыр нэху ухъу) гъащIэ дахэ зэдрахьэкIащ, я бынхэу Анжелэрэ Альбертрэ, абыхэм тыгъэ къыхуащIа цIыкIухэм я насыпым, ехъулIэныгъэхэм щыгуфIыкIыу. СулътIани зэчий дахэ бгъэдэлъащ: ар и IэщIагъэкIэ сурэтыщIу щытащ. Марие и гъащIэр хуабагъэкIэ, гуапагъэкIэ, лъагъуныгъэкIэ ноби хуагъэIэфI къыщIэхъуэ щIэблэм, и Iыхьлы гумащIэхэм.

НыбжьэгъуфIкIэ Алыхьыр зыхуэупсахэми ящыщщ Марие. Къыщалъхуа махуэмкIэ Вындыжьым ехъуэхъуну, и гукъыдэжыр къиIэтыну, дэрэжэгъуэ иритыну хьэзырщ абыхэм ящыщ дэтхэнэри. Апхуэдэ мурадкIэ ди редакцэм зыкъытпищIащ КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм и ветеран, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ ДыщэкI Марие Сухьэмэдин и пхъум. И цIэджэгъум и махуэщIым ирихьэлIэ хъуэхъу псалъэм щIыгъуу, ДыщэкIыр зыубгъуауэ топсэлъыхь усакIуэ, уэрэдус Вындыжьым и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм ящыщ зыбжанэм.

«Усэ тхыным дихьэх, абыкIэ зэчий зыбгъэдэлъ цIыхур сыт хуэдэ IэнатIэ бгъэдэтми, зэман къигъуэтынущ икIи и псэр темыпыIэу елэжьынущ тхэным, а тхыгъэхэр я купщIэкIи я гупсысэкIи удахьэхыу дунейм къызэрытехьэным хущIэкъунущ. Псалъэр зыгъэIурыщIэфым, ар зэхэщIыкIыгъуэу, фIэщхъуныгъэ хэлъу къэзыгъэсэбэпыфым сыт хуэдэ гупсысэри удихьэхыу, гумрэ псэмрэ дыхьэу къеIуэтэф. Апхуэдэ цIыхухэм ящыщу Вындыжь Марие къэплъытэу щытмэ, щыуагъэ хъуну къысщыхъуркъым.

Вындыжь Марие усэ купщIафIэ куэд итхащ. Абы и усэхэм укъеджэну тыншщ, гум ибоубыдэф, дызрихьэлIэ псалъэ шэрыуэхэм, жыIэкIэ дахэхэм ди бзэм зрагъэужь, къулей ящI. Къэгъэлъэгъуапхъэщ абы и усыгъэхэр сыт щыгъуи зызыхъуэж гъащIэм, зэманым тещIыхьауэ, абыхэм ди пащхьэм кърагъэувэ къалэнхэр гъэзэщIэным тегъэпсауэ зэрыщытыр.

**● ДифI догъэлъапIэ**



НэхъапэIуэкIэ итха усэхэмрэ иджырейхэмрэ щызэбгъапщэкIэ, наIуэ дыдэу болъагъу абыхэм дэтхэнэ зэманми и нэпкъыжьэ тридзэу зэрыщытыр.

Псалъэм папщIэ, Вындыжьым и усэхэмкIэ хэку лъагъуныгъэм, хабзэ-нэмысым, гуащIэдэкI хьэлэлым дыхуреджэ, ди фIэщи ещIыф апхуэдэхэр тхэлъыныр зэрыIэмалыншэр, арыншауэ нобэрей гъащIэм узэрыхэмыпсэукIыфынур:

**ЩтырыгъуI зыкъуищIэкIми гъащIэм,**
**УцIантхъуэу, уи гъуэгу утемыкI.**
**Пшагъуэбэм ухидзэм, уи гущIэм**
**И нур щIихъумэн лъумыгъэкI.**

Нобэ хэкур зыгъэгузавэ щытыкIэ мыхъумыщIэхэр сэтей къэщIыным, ахэр ди лъэпкъ напэм къызэремызэгъым, икIэщIыпIэкIэ ахэр гъэкIуэда зэрыхъуным сыт щыгъуи и нэIэ тетщ усакIуэм. Тогузэвыхь ар анэдэлъхубзэм хуащI гулъытэр мащIэ зэрыхъуам, игу ящIогъу сабий адэншэхэм, егъэпIейтей унагъуэ лъэлъэжхэм, ауэ щогугъ и усэбзэр щIэблэм я гущхьэм нэсыну, зэхахыну. Аращ абы мыпхуэдэу щIыжиIэри:

**Хэку-анэ лъапIэу сызэрыгушхуэ,**
**Ди насыпыпсыр тхуэжэбзэжынщ.**
**Iэмыр ищIынщи мы ди Тхьэшхуэм,**
**Адыгэ лъэпкъым зиIэтыжынщ.**

Дэтхэнэ зы усакIуэми хуэдэу, Вындыжь Марие куэду иIэщ Хэкум, лъахэм, щалъхуа щIыналъэм ятеухуа усэхэр. «Си лъахэ», «Адыгэ пшыналъэ», «Хэку-анэ» усэхэм щыдолъагъу адэжь щIыналъэм хуиIэ лъагъуныгъэр, ар зэрыт щытыкIэ къэлъэхъшам, псалъэ гъущэ къудейкIэ мыхъуу, гурэ псэкIэ зэрыригузавэр. Апхуэдэу щытми, и лъахэр, и бзэр зэригъэлъэпIэныр, абы и къыщхьэщыжакIуэу зэрыщытыныр и усэхэм щегъэIу:

**ЗгъэлъапIэр сытым щыгъуи**
**си бзэрщ,**
**Пудыгъэ лъысу сымыдэн.**

Дэтхэнэ зы адыгэми хуэдэу, ар щIохъуэпс хамэщI щыпсэу адыгэхэм я хэкужьыр ягъуэтыжыным. Адыгэ пшыналъэр, лъэпкъыр зы хъужыну зэрыщыгугъыр цIыху псоми захригъэхыну хуейщ. А макъамэращ хэкум къыхуеIэжыныр игъэпсынщIэну зыщыгугъри:

**Адыгэу хъуар, зэхэльхьи лIыгъэ,**
**КъытхуешэлIэж адэжь и жьэгу.**
**Адыгэ къафэр фхуэтщIу тыгъэ,**
**Лъэпкъым тщIыжынт бжэIупэ джэгу.**

ЩIыуэпсыр хъумэным, абы и дахагъым хуэмыуса усакIуэ гъуэтыгъуейщ. Уеблэмэ къыпщыхъунри хэлъщ а темэм хужыпIэни къэбгъэлъэгъуэни щумыгъуэтыжыну. Вындыжьым и усэхэм, абы хужаIахэм я фIыпIэр къызэщIакъуэжри, езым и макъамэ дахащи щIегъэувэжыф. Псалъэм папщIэ, гъэщIэгъуэныщэу къыхехыф абы зэгъэпщэныгъэхэр. Вындыжьым и зэгъэпщэныгъэхэр адрейхэм я деж щыдмылъагъухэщ, езым и псэм къыдэушахэщ. Апхуэдэхэщ:

**Анэ быдзышэ хуэлIа сабийуэ,**
**Псы хуэлIэ щIылъэм и жьэр ущIат.**

***

**Аслъэн уIауэ, лъыпсыр къыпоткIу.**

***

**Зи гъусэр къуршым щыкIуэда къыууэ.**

***

**МэкъуауэлI щIыфэр, тIыгъуа балийуэ.**

Ардыдэхэр яхужыпIэ хъунущ олицетворениехэми:

**Бжьыхьэ дадэм, зэшу, папщэу,**
**Губгъуэ нэщIым зыщеплъыхь.**

***

**Пшагъуэ нанэм, жьыбгъэр щIэпщэу,**
**Мес, къуэладжэм и щхьэр ехь.**

***

**Къуршыжь зэхуакухэм**
**Псышэ - пшэ фIыцIэр**
**Жьыбгъэр щIэрыIэу къыкъуилъэфащ.**

***

**Жыг тхьэмпэншэм я нэр плъызу,**
**Тес къуаргъыжьхэри нэщхъеящ.**

А усэхэр рифмэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэм тету зэрыщытыр а псом хэплъхьэжмэ, усыгъэм и щIэщыгъуэ псори Вындыжьым къехъулIауэ жыпIэ хъунущ.

Сэ усэ сфIэфIщ. Зы усэ тхылъ дунейм къытехьэху, ар хэт и IэдакъэщIэкIми, сыщогуфIыкI. Гумрэ псэмрэ дыхьэу, зэщIэжьыуэу, зэгъэкIуауэ, хэти щапхъэфIхэр къыхихыфыну тха усэхэр зэ седжэу лъэныкъуэ езгъэзыжыркъым, атIэ абыхэм кIэщI-кIэщIурэ къытезгъэзэжурэ соджэ, седжэжыху къэси гу зылъызмыта гупсысэщIэхэр къыхэзгъуатэу, абы фIэщхъуныгъэ къысхилъхьэу апхуэдэщ. Вындыжьым и усэхэр абы и лъэныкъуэкIэ къарууфIэщ, щапхъэщ. И жьэм жиIэр и гум зэрилъыр нэрылъагъущ. И мурад дахэхэр гъэзэщIа мыхъу щIыкIэ зэманыр зэрепIэщIэкIыр, гъащIэм зэрыхэщIыр къохьэлъэкI:

**Зэману дахэ, сумыгъэпIащIэ,**
**ТIэкIу зыпкIэрысщIэм,**
**къысхуэгумащIэ.**
**Мы зэм си лъэIур уэ схуэгъэзащIэ,**
**СыхущIыхьакъым, сумыгъэпIащIэ.**
**Жьыгъэр си лъэмбым**
**къыумыгъэувэ,**
**ГъащIэ IэфIыпIэр сфIумыгъэмащIэ.**
**ТIэкIурэ зышыIэ, тIэкIу зыгъэгувэ.**
**Зэману дахэ, къысхуэгумащIэ».**

ДыщэкIым зэрыжиIэмкIэ, ди анэдэлъхубзэр курыт школым щезыгъэджхэм ящыщ дэтхэнэми сэбэп ин хуохъу и цIэджэгъум и усыгъэхэр. Езыми илъэс куэдкIэ и дерсхэм къыщигъэсэбэпащ Вындыжьым и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэр, усэбзэр зыгъэдахэ, къулей зыщI Iэмалхэу метафорэхэр, эпитетхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр еджакIуэхэм къаригъэлъыхъуэн, рифмэ зэмылIэужьыгъуэхэм гу лъаригъэтэн, ахэр сыт хуэдэми къаригъэщIэн мурадкIэ. Усэхэм къыщыхьа псалъэухахэр, гъэсэныгъэ-ущиинығъэ ин зыхэлъхэр, къыхригъэтхыкIырт, зэпкърыригъэхырт. Шэч хэмылъу, апхуэдэ Iэмалхэм дерсхэр щIэщыгъуэ ящI, еджакIуэхэм я бзэм зрегъэужь, усэбзэм и щхьэхуэныгъэхэм гу лърагъатэу.

Лъэпкъыр дызэрыгушхуэ нэхъыжьыфI Вындыжь Марие и мурадыфIхэмрэ зэфIэкIхэмрэ зэтехуэу бэрэ дунейм тетыну ди гуапэщ. Зи лъэужьыр къабзэ, зи Iэужьыр дахэ, зи чэнджэщхэр лъапIэ, зи гупсысэр куу адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэр куэдрэ тхурепсэу, ди гупсысэр ишэщIу, хьэл-щэн бгъэдэлъымкIэ щIалэгъуалэр игъасэу, дунейм гу щихуэу, и щIэблэм я фIыгъуэ куэд илъагъуу!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.



И Iыхьлыхэм я гъусэу.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 18

### Первый канал

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
19.40 «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
23.00 Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
00.00 «Большая игра» (16+)
01.15 «Время героев» (16+)
02.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
23.35 Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
01.40 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

04.50 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ. СУДЬБЫ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СЕВЕРНЫЕ РУБЕЖИ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
23.45 Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
01.55 Т/с «ИГРА» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.10 Х/ф «РЫСЬ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
12.35, 13.25, 15.05 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ...» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
17.15 Д/с «Советские прорывы. Вдохновение для будущего» (16+)
18.00 «Неизвестные сражения Великой Отечественной». «Операция «Искра». Пароль «Победа» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
00.45 Х/ф «ГОСУДАРСТВЕННЫЙ ПРЕСТУПНИК» (16+)
02.20 Х/ф «ЧУЖАЯ РОДНЯ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
07.00 Легенды мирового кино
07.30 Х/ф «У НИХ ЕСТЬ РОДИНА» (16+)
09.15 Диалоги о животных
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.20 Д/с «Искатели»
11.05 Х/ф «УДИВИТЕЛЬНЫЙ МАЛЬЧИК» (16+)
12.45 Д/ф «Роман в камне»
13.15 Х/ф «ВИЗИТ ДАМЫ» (16+)
15.35 Д/ф «Его называли «Папа Иоффе»
16.15 Д/с «Забытое ремесло»
16.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
17.15 Мастер-классы
18.15 Д/ф «Роман в камне»
18.45 Д/с «Галерея»
19.45 Д/ф «Его называли «Папа Иоффе»
20.25 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Х/ф «БЕЛАЯ ПЕРЧАТКА» (16+)
23.00 Д/с «КИНО история контрразведки»
23.40 Т/с «КУРСАНТЫ» (16+)
00.25 Д/с «Жил-был царь»
00.55 Мастер-классы
01.55 Д/с «Искатели»

### МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 09.00, 13.20, 15.55 Новости
07.05, 21.30, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 Лица страны (12+)
09.25 «Культовые» (12+)
09.55 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Екатеринбурга
13.00 Специальный репортаж (12+)
13.25 Есть тема! Прямая трансляция
14.50 География спорта (12+)
15.20 «Лучшие из лучших» (12+)
16.00 Смешанные единоборства. Д. Дю Плесси - Х. Чимаев. UFC. Трансляция из США (16+)
17.10 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура (6+)
18.10 Громко. Прямая трансляция
19.25 Футбол. «Торпедо» (Москва) - «Урал» (Екатеринбург). Лига Пари. Прямая трансляция
21.50 Футбол. «Эльче» - «Бетис». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
01.00 «Культовые» (12+)
01.30 Матч! Парад (16+)
02.00 Футзал. «Ухта» - КПРФ (Москва). Суперкубок России (6+)

## Гъубж, шыщхьэуIум и 19

### Первый канал

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
19.40 «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
23.00 Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
00.00 «Большая игра» (16+)
01.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
23.35 Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
01.40 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

05.00, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СЕВЕРНЫЕ РУБЕЖИ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
23.45 Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
01.55 Т/с «ИГРА» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.50 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ...» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
12.35, 13.25 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ...» (16+)
14.15, 15.05, 17.15 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Неизвестные сражения Великой Отечественной». «Битва за Крым. От обороны к наступлению» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого». «Ремонт на ходу и по ходу боя. Загадка атакующих танков» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
00.55 Х/ф «В ПОЛОСЕ ПРИБОЯ» (16+)
02.15 Д/с «Отечественное стрелковое оружие» (16+)
02.55 Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
03.20 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ...» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Лето Господне
07.00 Легенды мирового кино
07.30 Х/ф «Я-11-17» (16+)
08.35 Д/с «КИНО история контрразведки»
09.15 Диалоги о животных
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.20 Д/с «Искатели»
11.05 Х/ф «РЫЖИЙ, ЧЕСТНЫЙ, ВЛЮБЛЕННЫЙ» (16+)
12.45 Д/с «Жил-был царь»
13.15 Х/ф «БЕЛАЯ ПЕРЧАТКА» (16+)
15.20 Д/ф «Роман в камне»
15.50 Д/ф «Лев Арцимович. Предчувствие атома»
16.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
17.15 Мастер-классы
18.30 Д/с «Забытое ремесло»
18.45 Д/с «Галерея»
19.45 Д/ф «Лев Арцимович. Предчувствие атома»
20.25 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Х/ф «ПЛАТОН КРЕЧЕТ» (16+)
23.00 Д/с «КИНО история контрразведки»
23.40 Т/с «КУРСАНТЫ» (16+)
00.25 Д/с «Жил-был царь»
00.55 Мастер-классы
02.05 Д/с «Искатели»

### МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 География спорта (12+)
07.00, 09.00, 13.20, 15.55 Новости
07.05, 16.00, 19.00, 21.15, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05, 13.00 Специальный репортаж (12+)
09.25 «Культовые» (12+)
09.55 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Екатеринбурга
13.25 Есть тема! Прямая трансляция
14.50 «Что за спорт?» (12+)
15.20 «Лучшие из лучших» (12+)
16.55 Футбол. «Калуга» - «Амкал» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
19.10 Футбол. «Спартак» (Тамбов) - «Металлург» (Липецк). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
21.50 Футбол. «Реал» (Мадрид) - «Осасуна». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
01.00 «Культовые» (12+)
01.30 География спорта (12+)
02.00 Пляжный волейбол. Чемпионат России. Матч за 3-е место. Трансляция из Нового Уренгоя (6+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Трансляция из Екатеринбурга (16+)

## Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 20

### Первый канал

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
19.40 «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
23.00 Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
00.00 «Большая игра» (16+)
01.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
23.35 Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
01.40 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

04.50, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СЕВЕРНЫЕ РУБЕЖИ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
23.45 Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
01.55 Т/с «ИГРА» (16+)

### ЗВЕЗДА

04.15 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
12.35, 13.25, 15.05 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
17.15 Д/с «Советские прорывы. Вдохновение для будущего» (16+)
18.00 «Неизвестные сражения Великой Отечественной». «Тула. Остановить Гудериана» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 Д/с «Секретные материалы» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
01.00 Х/ф «СЛЕДСТВИЕМ УСТАНОВЛЕНО» (16+)
02.30 Х/ф «В ПОЛОСЕ ПРИБОЯ» (16+)
03.55 Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
04.20 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
07.00 Легенды мирового кино
07.35 Х/ф «Я-11-17» (16+)
08.35 Д/с «КИНО история контрразведки»
09.15 Диалоги о животных
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.20 Д/с «Искатели»
11.05 Х/ф «РЫЖИЙ, ЧЕСТНЫЙ, ВЛЮБЛЕННЫЙ» (16+)
12.45 Д/с «Жил-был царь»
13.15 Х/ф «ПЛАТОН КРЕЧЕТ» (16+)
15.35 Д/ф «Николай Пономарев-Степной. Девять десятых, или Параллельная фантастика»
16.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
17.15 Мастер-классы
18.30 Д/с «Забытое ремесло»
18.45 Д/с «Галерея»
19.45 «Советский атомный проект. Действующие лица». 80 лет атомной промышленности России
20.20 Х/ф «ВЫБОР ЦЕЛИ» (16+)
23.00 Д/с «КИНО история контрразведки»
23.40 Т/с «КУРСАНТЫ» (16+)
00.25 Д/с «Жил-был царь»
00.55 Мастер-классы
02.05 Д/с «Искатели»

### МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 «Что за спорт?» (12+)
07.00, 09.00, 13.20, 15.55 Новости
07.05, 16.00, 19.00, 21.15, 00.20 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05, 13.00 Специальный репортаж (12+)
09.25 «Культовые» (12+)
09.55 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Екатеринбурга
13.25 Есть тема! Прямая трансляция
14.50 Магия большого спорта (12+)
15.20 «Лучшие из лучших» (12+)
16.55 Футбол. «Космос» (Долгопрудный) - «2Drots» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
19.10 Футбол. «Волгарь» (Астрахань) - «Чертаново» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
22.20 Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Японии (16+)
01.00 «Культовые» (12+)
01.30 «Что за спорт?» (12+)
02.00 Пляжный волейбол. Чемпионат России. Финал. Трансляция из Нового Уренгоя (6+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Трансляция из Екатеринбурга (16+)

## Махуэку, шыщхьэуIум и 21

### Первый канал

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
19.40 «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
23.00 Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
00.00 «Большая игра» (16+)
01.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 Прямой эфир (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
23.35 Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
01.40 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

04.55, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СЕВЕРНЫЕ РУБЕЖИ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
23.40 Д/ф «За 100 лет до нас» (6+)
00.20 Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
02.15 Т/с «ИГРА» (16+)

### ЗВЕЗДА

06.00 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
12.35, 13.25, 15.05 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.20, 17.15 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)
18.00 «Неизвестные сражения Великой Отечественной». «Лужский рубеж. Щит Ленинграда» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Код доступа» (12+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
01.50 Х/ф «ДЕЛА СЕРДЕЧНЫЕ» (16+)
03.20 Х/ф «СВИДЕТЕЛЬСТВО О БЕДНОСТИ» (16+)
04.35 Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
07.00 Легенды мирового кино
07.35 Х/ф «Я-11-17» (16+)
08.35 Д/с «КИНО история контрразведки»
09.15 Диалоги о животных
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.20 Д/с «Искатели»
11.05 Х/ф «ПРО КРАСНУЮ ШАПОЧКУ» (16+)
12.45 Д/с «Жил-был царь»
13.15 Х/ф «ВЫБОР ЦЕЛИ» (16+)
15.35 «Советский атомный проект. Действующие лица». 80 лет атомной промышленности России
16.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
17.15 Мастер-классы
18.15 Д/ф «Роман в камне»
18.45 Д/с «Галерея»
19.45 Д/ф «Николай Пономарев-Степной. Девять десятых, или Параллельная фантастика»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.50 Линия жизни
21.45 Фильм-спектакль «Дом окнами в поле»
22.15 «Белая студия»
23.10 Д/с «КИНО история контрразведки»
23.50 Т/с «КУРСАНТЫ» (16+)
00.35 Д/с «Жил-был царь»
01.05 Мастер-классы

### МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 «Третий тайм» (12+)
07.00, 09.00, 13.20, 15.55 Новости
07.05, 16.00, 19.00, 21.15, 00.20 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05, 13.00 Специальный репортаж (12+)
09.25 «Культовые» (12+)
09.55 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. 1/2 финала. Прямая трансляция из Екатеринбурга
13.25 Есть тема! Прямая трансляция
14.50 Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Moscow Raceway (6+)
15.20 «Лучшие из лучших» (12+)
16.55 Футбол. «Авангард» (Курск) - «Broke Boys» (Одинцово). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
19.10 Футбол. «Текстильщик» (Иваново) - «Тверь». Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
22.20 Смешанные единоборства. М. Анкалаев - Дж. Уокер. UFC. Трансляция из США (16+)
01.00 «Культовые» (12+)
01.30 Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Moscow Raceway (6+)
02.00 Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из Швейцарии (6+)

## Мэрем, шыщхьэуIум и 22

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Что? Где? Когда? (16+)
**22.55** Т/с «ШЕРЛОК И ДОЧЬ» (16+)
**00.40** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Торжественное открытие Международного конкурса молодых исполнителей «Новая волна-2025»
**23.55** Х/ф «РОЗЫ И ШИПЫ» (16+)
**03.20** Х/ф «КРЕПКИЙ БРАК» (16+)

### НТВ

**05.00, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СЕВЕРНЫЕ РУБЕЖИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
**23.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**01.15** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**01.50** Т/с «ИГРА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.10** Т/с «НА УГЛУ, У ПАТРИАРШИХ-2» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.10** Х/ф «СПОКОЙНЫЙ ДЕНЬ В КОНЦЕ ВОЙНЫ» (16+)
**11.00** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**12.30** «Не факт!» (12+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «ОДЕССИТ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.10** «Политукладчик» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Отто Гюнше - личный адъютант Гитлера» (12+)
**20.30** «Война миров». «США против СССР. Идеологическая диверсия Запада» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+». Фонд «Защитники Отечества». песни о вере и верности, о долге и всепобеждающей любви (12+)
**00.55** Х/ф «ШКОЛЬНЫЙ ВАЛЬС» (16+)
**02.25** Х/ф «ВСТРЕТИМСЯ У ФОНТАНА» (16+)
**03.40** Д/с «Отечественное стрелковое оружие» (16+)
**04.30** Х/ф «САДКО» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/с «Энциклопедия загадок»
**07.00** Д/с «Забытое ремесло»
**07.20** Х/ф «ЦИКЛОН» НАЧНЕТСЯ НОЧЬЮ» (16+)
**08.35** Д/с «КИНО история контрразведки»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.20** По следам тайны
**11.05** Х/ф «ПРО КРАСНУЮ ШАПОЧКУ» (16+)
**12.45** Д/с «Жил-был царь»
**13.15** Х/ф «КОНЕЦ «ЧЕРНЫХ РЫЦАРЕЙ» (16+)
**14.45** Д/ф «Крутая лестница»
**15.35** Д/ф «Лев Рябев. Атомный директор»
**16.30** Д/с «Энциклопедия загадок»
**17.15** Мастер-классы
**18.10** Шедевры старого кино
**19.45** Д/ф «Лев Рябев. Атомный директор»
**20.35** Д/с «Искатели»
**21.20** Х/ф «АННА НА ШЕЕ» (16+)
**22.45** Д/ф «Грозовой перевал». любовь, ненависть и месть»
**23.40** Х/ф «ОЧАРОВАТЕЛЬНЫЕ И ОПАСНЫЕ» (16+)
**01.10** Мастер-классы
**02.10** Д/с «Искатели»

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**07.00, 09.00, 13.20** Новости
**07.05, 16.30, 18.30, 21.30, 01.20** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Небесная грация» (6+)
**09.25** «Культовые» (12+)
**09.55** Смешанные единоборства. Д. Дю Плесси - Х. Чимаев. UFC. Трансляция из США (16+)
**11.55** Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Челябинска (6+)
**13.00** Лица страны (12+)
**13.25** Есть тема! Прямая трансляция
**14.55** Художественная гимнастика. Кубок сильнейших спортсменов. Прямая трансляция из Москвы
**16.55** Художественная гимнастика. Кубок сильнейших спортсменов. Прямая трансляция из Москвы
**19.25** Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Финалы. Прямая трансляция из Екатеринбурга
**22.20** Футбол. «Бетис» - «Алавес». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**00.30** Евротур (12+)
**02.10** Самбо. Международный турнир. Трансляция из Москвы (12+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Финалы. Трансляция из Екатеринбурга (16+)

## Щэбэт, шыщхьэуIум и 23

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Безбилетный пассажир удачи». К 95-летию со дня рождения Георгия Данелии (16+)
**11.05** «Играем свадьбу!» (12+)
**12.15** Поехали! (12+)
**13.05** Т/с «УБОЙНАЯ СИЛА» (16+)
**17.05** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Эээх, Разгуляй!» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Сегодня вечером» (16+)
**23.30** Х/ф «ГОРИЗОНТ В ОГНЕ» (18+)
**01.50** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 23**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 24**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00 «ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр 8.00, 15.00 «ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щикъухьащ адыгэр дунеижьым**

# Слъэгъуар къызэрысIуэтэн псалъэхэр схурикъуркъым

*ЩIы хъурейм щикъухьа адыгэхэр зэзыпхыр Хэкуращ - аращ лъагъуэбэр зыхухашыр, пщIыхьым хэту ялъагъур, гугъапIэ-хъуэпсапIэхэр зрапхыр. Адэжь лъахэр зэгуэр зрагъэбгынахэм я щIэблэр Хэкум къихьэну Iэмал яIэ зэрыхъурэ илъэс зыбжанэ дэкIыжами, нобэми абы хуаIэ щIэщыгъуагъым и гуащIэр икIакъым, къызэрыхуэпабгъэ къарур нэхъ мащIэ хъуакъым.*

*Лъэпкъ Iуэху и пщэ дэлъу Хэкум къихьэхэр зыми ещхьыххэкъым: зымащIэ тIэкIум нэку-нэпс ищI цIыху гумащIэ защIэщ, ялъагъум хуэнэхъуеиншэу, зэхахыр яфIэмащIэу апхуэдэщ. Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэм щыщ сабий гуп Хэкум къакIуэу зэрыщыхьэщIэрэ куэд щIакъым. Зытеувэ щIым къызэрыщыхъур яфIэгъэщIэгъуэну хуэсакъыу щызекIуэрт икIи зыщаплъыхьырт цIыкIухэри ахэр зи нэIэ щIэт нэхъыжьхэри. «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым къытхуеблэгъащ нэхъыжьхэм ящыщу ДЗЭШОКЪУЭ Ахьмэд, икIи ди гуапэу абы дедгъэкIуэкIа псалъэмакъыр газетым и щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ идолъхьэ.*

**- Ахьмэд, къызэрызгурыIуамкIэ, Хэкум уи щыпэ къакIуэщ. УзыщыщкIэ, укъызыхэкIа лъэпкъкIэ зыкъэдбгъэцIыхуамэ, ди гуапэ хъунт.**

- Пэжщ, аращ зэрыщытыр. Хэкур зэзгъэлъагъуну, сыкъэкIуэжу зыщысплъыхьыну хъуэпсапIэхэр сиIэт куэд лъандэрэ, ауэ щхьэусыгъуэхэр къыстекIуэурэ нобэм сыкъэсащ. Адэжь лъахэр слъагъуну иджыщ къыщызэхъулIар. Сэ Тыркум хыхьэ Мараш щIыналъэм щыIэ Гёксун къалэ епха Къаншыуей къуажэм сыщыщщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Гёксун и Iэгъуэблагъэм щыс адыгэ къуажэхэм зэхэту Джылахъстэнейкlэ дызэреджэр. Гъэмахуэм къуажэм сыкIуэжми, нэхъыбэм къалэм унагъуэкIэ сыщопсэу. Апхуэдэу щыт пэтми, жылэжьыр IэщIыб сщIыркъым, Iэмал тIэкIу зэрызгъуэту, сокIуэж.

**- ХамэщI щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъыщхьэр къызэтенэным хуэунэтIауэ щIыпIэ хасэхэм яхузэфIэкI къагъанэркъым, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI. Мараш къалэм дэт Адыгэ Хасэм узэрыпыщIам сыщыгъуазэщ. Абы и лэжьыгъэм утхутепсэлъыхьын?**

- Хэхэсым зихъумэжыныр гугъу дыдэщ, псом хуэмыдэу дызытет дунейр нэхъри нэхъ цIыкIу зэрыхъур, лъэпкъ мащIэхэр дэзыкъузэ Iуэхугъуэ куэд зэблэгъэкIын хуейуэ и пащхьэ къызэриувэр къэплъытэмэ. Сэ сыщыпсэу Мараш къалэм дэт Адыгэ Хасэр Тыркум щыIэ хасэхэм я нэхъ инхэм ящыщщ. И пщэрылъ нэхъыщхьэ дыдэр зытеухуари зыщ: адыгагъэр хъумэнырщ. Пэжыр жыпIэмэ, абы хуэунэтIауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэри Тыркум щекIуэкI адыгэ Iуэху псоми къахощ.

Псалъэм папщIэ; Хасэм къекIуалIэ ди лъэпкъэгъухэм щхьэкIэ адыгэбзэ курсхэр къызэIудох. Анэдэлъхубзэр зыIэщIэхуа жылэм лъэпкъыщхьэ иIэжкъым, а шынагъэм зэрытхузэфIэкIкIэ дыпэщIэтщ, аращ адыгэбзэр егъэджыным гулъытэ хэха щIыхуэтщIыр. Ди лъэпкъ къафэхэр зыфIэмыгъэщIэгъуэн куэд щыIэкъыми, щIалэгъуалэм я ныбжьым теухуауэ гупхэр къызыдогъэпэщ. Лъэпкъ IэщIагъэхэр зэрыдмыгъэкIуэдыным дыхущIокъу. Адыгэ цIыхубз IэщIагъэхэм ящыщу ди лъэныкъуэмкIэ кIуэдыпIэ ихуа дыщэидэр зрагъэщIэжын папщэ курс догъэлажьэ, абы гукъыдэж зиIэ ди щыпхъухэр къокIуалIэ. «Зы жьэу» фIэтщауэ уэрэджыIакIуэ гуп диIэщ. ЩIыхьэйм иужькIэ тIэкIу дызэпкърыхуами, иджыри зэхуэсыжу и лэжьыгъэм пищэну сыщогугъ адыгэбзэкIэ дгъэлажьэ театр гуп цIыкIум.

Апхуэдэу ди нэхъыжьхэр тхьэмахуэм зэ зэхуосри, Адыгэ Хабзэм теухуамэ е жылэ Iуэху екIуэкIын хуейуэ щытмэ, пщыхьэщхьэщысхэр, уэршэрхэр идогъэкIуэкI. ЩIалэгъуалэм яфIэфI зэхэсхэр, гушыIэ пшыхьхэр мазэм зэ зэхыдошэ. Нэщхъеягъуэ зиIэм и гуауэр дэтIыгъын папщIэ, телефонкIэ хъыбарыр зэбгрыдогъэкI, хьэдэщIэлъхьэм хэтыну хуейхэм далъоIэс, а щIыкIэм тету, дыщIызэхыхьэр щхьэкIуэ Iуэхуми, лъэпкъыр дызэхэплъэну Iэмал диIэ мэхъу.

**- Тыркум ди лъэпкъэгъухэр мелуан бжыгъэкIэ исщ. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэра нэхъыбэу гу зылъытэн хуейр, ахэр адыгэу къызэтенэн щхьэкIэ? Сыт гулъытэ хэха зыхуэщIын хуейр?**

- Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я бжыгъэр хэти мелуанищ, хэти мелуанитху хъууэ жеIэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэу зыкъэзылъытэжыр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. УарихьэлIэнущ «ди нэхъыжьхэр адыгэт» жызыIи, ухуэзэнущ «сыадыгэщ, ауэ тегъэчыныхьауэ сыадыгэу зыкъэслъытэркъым» жызыIи. Мыр къызыхэкIыр лъэпкъыр хэшэпсыхьыжынкIэ иIэ хъуа шынагъэрщ. Адыгэр къызэтенэн папщIэ, япэрауэ, и гъащIэм адыгэбзэм увыпIэ ин щиубыдын хуейщ. ЕтIуанэрауэ, хэкурысми хэхэсми я гупэр ХэкумкIэ гъэзауэ, абы и лъапIэныгъэхэм нэхъыщхьэ щымыIэу къалъытэн хуейщ. Нобэр къыздэсам Хэкумрэ хамэщI щыпсэухэмрэ я зэпыщIапIэ нэрылъагъуу диIэр пэIудзауэ екIуэкI бзэ курсхэмрэ щIалэгъуалэ гъэхьэщIэнымрэщ. Мы Iуэхугъуэхэр нэхъ шэщIа хъуатэмэ, зы жыпхъэ игъэуватэмэ, цIыхуу къыхыхьэр нэхъыбэ хъуну къызолъытэ. ЗэкIэлъыкIуэфхэр зэкIэлъыкIуэу, зэкIэлъымыкIуэфхэри интернеткIэ зэпащIэмэ, и щхьэпэ къэкIуэнущ. ЗэкIэлъыкIуэ цIыхухэр хьэщIэщхэм щымыIэу, унагъуэхэм яхэсыныр абы и IуэхукIэ лъэбакъуэшхуэщ.

**- Ахьмэд, илъэс зыбжанэ хъуауэ КъБР-м Лъэпкъ IуэхухэмрэжылагъуэпэхуэщIэхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщ бзэ курсхэм жыджэру ухэтщ. Дауэ къызэгъэпэща а лэжьыгъэр? Дауэ къащыхъурэ а курсхэр ди лъэпкъэгъухэм?**

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт зи гугъу пщIы бзэ курсхэм сызэрыхыхьэр Алыхьым фIыгъуэу къызигъэхъулIауэ къызэрыслъытэр, ар насып Iыхьэ гуэру къызэрыслъытэр. Бзэ курсхэр (адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ) Хэкумрэ диаспорэмрэ зэпыщIауэ щызыгъэт Iуэхугъуэ нэхъыщхьэщ икIи пщIэшхуэ яIэщ. Курсхэм, псом хуэмыдэу адыгэбзэм, къыхыхьэ нэрыбгэ куэдым я анэдэлъхубзэр зрагъащIэ, мащIэу псэлъэфхэм тхэкIэ-еджэкIэ зрагъэцIыху, псэлъэфхэмрэ тхэфхэмрэ бзэ хабзэхэм зыщагъэгъуазэ. Урысыбзэ курсым и гугъу пщIымэ, зи гупэр ХэкумкIэ гъэза псоми къахуэщхьэпэн Iуэхугъуэщ. КъыщынэмыщIауэ, зы хамэбзэ лейуэ зыщIэ цIыхум и пщIэр хэзыгъахъуэ щытыкIэщ.

УмыщIэ бзэр зэбгъэщIэн папщIэ, къызэрохъулIэм елъытауэ зэман хухэпхынущ. Ди бзэ курсхэр илъэс къэс къытригъэзэжурэ йокIуэкIри, гукъыдэж зиIэ псори щыхуей дыдэм абы къыхохьэф, и унэ щIэсу абы зыкърезыгъэхьэлIэм дежкIи фIыгъуэшхуэщ икIи ехъулIэныгъэщ.

Курсхэм я къызэгъэпэщыкIэм я гугъу сымыщIу сыблэкI хъунукъым. Урысыбзэр къыдбгъэдэзылъхьэ Щоджэн Iэминатрэ адыгэбзэр къыдэзыгъащIэ уэрэ, Муратрэ, лъэпкъым хуэщхьэпэн Iуэхум фыпылъщ. Курс пщыхьэщхьэ къэс тхухах дерситIыр дакъикъэ 80-м щIигъун хуэмей пэтми, дакъикъи 120-рэ нэхъ мащIэ дерс къыщыдата куэдрэ къэхъуакъым, сыхьэтищым нэблагъэ зэрылэжьам Iэджэрэ срихьэлIащ. КъыщынэмыщIауэ, еджакIуэхэм я упщIэхэм жэуап ягъуэтыжу, унэ лэжьыгъэхэр къэфпщытэу, къырахьэлIэ гурылъхэм фапэджэжу щытыкIэ дахэ щыIэщ. ТIуми фIыгъуэу щыIэр Тхьэм къыфхуищIэ.

Зы цIыху анэдэлъхубзэр ебгъащIэу зыщыщ лъэпкъым ебгъэгъуэтыжыныр лIыгъэшхуэщ. А IэнатIэр зэрымытыншыр къагурыIуэ бзэ курсхэм къахыхьэхэм икIи жэрдэм дахэм къит Iэмалхэм зэрызыхамыгъэкIыжыным зэрыхъукIэ хущIокъу. ПщIэ зыпылъ лэжьыгъэщи, абы къэрикIуэнури фIыгъуэшхуэщ.

**- Ахьмэд, Тэнащ Тамарэрэ Гъуэгунокъуэ Лизэрэ я тхылъым, иджыблагъэ дунейм къытехьам, уэри уи гуащIэ зэрыхэплъхьар щыхьэт тохъуэ адыгэбзэм уи гур зэрыхуэкъабзэм. А лэжьыгъэ щхьэпэми сыт хужыпIэн?**

- Дэтхэнэ зы адыгэри и анэдэлъхубзэм гурэ псэкIэ хузэIухауэ, бзэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ и къалэн нэхъыщхьэу щытын хуейуэ къызолъытэри, схузэфIэкIышхуэ щымыIэми, нэхъыжьхэм тхуахъума ди бзэр дыщыпсэу щIыналъэм щымыкIуэдыжын папщIэ, си Iэ къихьэр хэслъхьэну сыхуейщ. Гъуэгунокъуэ Лизэ Эскишехир къалэм щопсэу, Тэнащ Тамарэ Къайсэр къалэм дэт университетым и егъэджакIуэ пажэхэм ящыщщ. ТIури адыгагъэмрэ адыгэбзэмрэ зратауэ мэпсэу. Нэхъапэхэм зэрыцIыхуу щытами, бзэмрэ лъэпкъымрэ хуэлэжьэн ягу илъу къекIуэкIами, IуэхукIэ зэрымыщIэу, щхьэж езым и щэхуу «мы щIыналъэм сыщискIэ, мыбы щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я анэдэлъхубзэр нэхъ тыншу зрагъэщIэфын папщIэ, щIэгъэкъуэн яхуэхъуну зы тхылъ зэхэслъхьэн хуейщ» жаIэу егупсысу лэжьэн щIадзащ. Мазэ зыбжанэкIэ елэжьауэ, я гурылъ щэхур щызэхуаIуатэм, я гупсысэр зэтехуэу къыщIэкIри, зэдэлэжьэн щIадзащ. Тхылъыр тыркубзэкIэ псалъэу адыгэбзэр езыр-езыру зэзыгъэщIэну хуейхэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъун хуейуэ арат. Тхылъыр адыгэбзэ щапхъэрэ ардыдэм и тыркубзэ мыхьэнэкIэ зэхэлъу, ауэ нэхъыбэр тыркубзэкIэ къыбгуригъаIуэу щытт. ИлъэситIкIэ елэжьа нэужь, ар щIэзыджыкIыжын, итым еплъыжын къалъыхъуэурэ, сэ зыкъысхуагъэзащ. ТIэкIу сытемыгушхуэу сыщытами, гъэунэхупIэ сихуэри, Iэрытхым щыщу зы Iыхьэ сыхэплъэжащ, зэгъэзэхуапхъэу къэслъыта гуэрхэри и пIэм изгъэувэжащ. Си лэжьыгъэр Тамарэрэ Лизэрэ ягу ирихьащ, «дэ дызылъыхъуэр уэрат» жаIэри, дызэдэлажьэу щIэддзащ. ИлъэсищкIэ дытелэжьыхьыжри, тхылъыр дунейм къытехьащ. Тыркубзэм ирипсалъэу адыгэбзэ зэзыгъэщIэну хуейхэм папщIэ мы тхылъым хуэдэу дэIэпыкъуэгъу хъун Тыркум иджыри къыщыдэкIакъым. Тамари Лизи фIыщIэ ин яхузощI.

**- ХамэщIым щыпсэухэр Хэкум гурэ псэкIэ къешэлIэным лэжьыгъэ куэд дыдэ ещIылIэн хуейщ. Апхуэдэ зы Iэмалщ ныбжьыщIэхэр адэжь лъахэм къэшэныр, защегъэплъыхьыныр. Апхуэдэ зы Iуэхущ КАФФЕД-м сабий гупым уранэхъыжьу укъызэригъэкIуар. Дауэ къащыхъурэ сабийхэм Хэкур?**

- Хэкум къэтша сабийхэм япэу къалъэгъуар абы и дахагъэрщ. ДэнэкIи щхъуантIагъэщ, мэзхэр куэдщ, псыежэххэр нэхъыбэжщ, а псом уардэу къуршыжьхэр къащхьэщытщ. Ялъагъум игъэундэрэщхъуауэ екIуэкIащ махуэ зытIущкIэ. ИужькIэ адэжь лъахэр къазэрыщыхъуам теухуауэ жаIа псом и купщIэр къызэщIэпкъуэжмэ, ар зыхуэкIуэнур зыщ: «Сыту ди насыпт мыпхуэдэ щIыналъэ дыкъыщыхъуамэ, хамэ хэку дунейм дыкъыщытемыхьэу...» А псалъэхэм ди гуращэ нэхъыщхьэр къытщIэхъуэ щIэблэм и гур ХэкумкIэ къэгъэзэныр зэуэ къыдигъэхъулIащ. ДыщыщыIа махуэхэм ди сабийхэм ящIыгъуащ Мэздэгу, Адыгейм, Абхъазым къикIа ди лъэпкъэгъу цIыкIухэри. Псори зы махуэм и кIуэцIым зэхэсыхьат, зы лъэпкъ зэрибыныр зыхащIащ, ныбжьыщIэ дыдэрэ пэт, «балигъ дыхъурэ унагъэ тщIын хуей хъумэ, мы ди адэжь щIыналъэм лъапсэ щыдухуэфыну пIэрэ» жаIэ хъуат. Ныбжь зэблэкIыгъуэм итрэ мысабий-мыбалигъыу апхуэдэ гупсысэхэр Хэкум къазэрыхуигъэушыр сымыгъэщIэгъуэн слъэкIакъым. ДызэрыщыIэну махуэ бжыгъэр къетхьэлIэу дыщызэбгъэдэкIыжми, зигу къызэфIэмына, нэпс щIэзымыгъэкIа зы нэрыбгэ къытхэттэкъым. Хэкум щыIэ къулыкъущIапIэм, КАФФЕД-м, ДАХ-м къэрахьэжьа мы Iуэхугъуэм мыхьэнэ зэриIэр абыхэм къагъэлъагъуэ. Мыр си щыпэ къакIуэт, мыпхуэдэ Iуэхури япэу си пщэ къыдалъхьэу арати, къытезгъэзэн хуей хъумэ, абы и тхыдэм щыщ Iуэхугъуэхэр къесшэжьэну щIалэгъуалэм язгъэщIэну сигу ислъхьащ. Ялъагъу щIыпIэхэм я дахагъэм и мызакъуэу, абыхэм тхыдэжь зэриIэр ныбжьыщIэхэм ядгъащIэмэ, адэжь щIыналъэр нэхъ зыхащIэну къысщохъу. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, аращ ар зэрыщытри.

**- «СыкъыщыкIуэжам», «сыкъыщихьэжам» жыпIэурэ Хэкум утопсэлъыхь, Ахьмэд. Уэ езым уи щхьэкIэ абы сыт уи гущIэм къыщигъэушар?**

- Зы махуэ закъуэ фIэкIа нэхъ мыхъуми, Хэкур слъагъуну, зыкъэзгъэзэжу абы и жьы къабзэр зыжьэдэсшэну си хъуэпсапIэт куэд щIауэ. Алыхьым сыкъелъагъу - ар сигу къыщымыкIа зы махуэ къэхъуакъым. Си хъуапсэр къызэрызэхъулIам къысхилъхьа фIыгъуэм пщIыхьэпIэм хуэдэу сыхэтщ.

Ди адэжьхэр щыпсэуа щIыналъэм икъукIэ пэжыжьэу дыкъызэрыщалъхуам къысхилъхьэ нэщхъеягъэр Хэкум сызэрыщыIам стрихауэ къысщохъу. Зы фэрыщIыгъэ хэслъхьэркъым. Къалэ уэрамхэм къыщыщыскIухьым деж цIыхухэр адыгэбзэкIэ зэрыпсалъэм си гур игъэгуфIэу, къуажэхэм сахэплъэмэ, мы жылэм мыпхуэдэ унагъуэхэр щопсэу, адыгэ дуней щызэдагъащIэ жысIэу, абы ин сыщIэхъукIырт. Слъэгъуар къызэрысIуэтэн псалъэхэр схурикъуркъым - си адыгагъэр щыз ищIауэ жысIэнщ. Алыхьым зы лъэIу хузиIэщ: мы щIыналъэ лъапIэм сыкъэкIуэжыпэну къызэгъэхъулIэ!

**- Ахьмэд, Хэкум адыгэмэ къыщыпщIезыгъэхьэхэм ящыщ «Адыгэ псалъэ» газетым еджэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?**

- «Адыгэ псалъэ» газетым еджэхэми ди лъэпкъэгъу псоми фIэхъус гуапэкIэ захузогъазэ. Адыгагъэр хъума щыхъунур Хэкуращ, абы папщIэ анэдэлъхубзэр щIэблэм яIурылъу къэгъэтэджын хуейщ. ХамэщIым щыпсэухэмрэ хэкурысхэмрэ зэпыщIа дызэрыхъун, нэхъыбэрэ дызэлъэзыгъэIэсын Iэмал щIагъуэхэр зэрыбэгъуэным хуэлэжьэну дэтхэнэ зыми щхьэхуэу солъэIу. Дэ хэкурысхэр зэи тщыгъупщэркъым, абыхэм хэхэсхэр дащымыгъупщэнуи сыхуейщ. Лъэпкъ газетыр адыгэбзэр зэрытхъумэ зы Iэмэпсымэщи, ар зыгъэIэрыхуэфын щIэблэ куэду Алыхьым къыдит, дунейр щыIэхукIи, адыгэ жьантIэр игъэбжьыфIэу дригъэIэ!

**- ФIыр Тхьэм къыпхуищIэ, Ахьмэд, уи гупсысэр дахэщ, уи дуней лъагъукIэр нэхъыфIыжщи, фIыр уи Iэпэгъуу дунейм утетыну си гуапэщ.**

*Епсэлъар* **ТАБЫЩ Муратщ**.



# Зи IэщIагъэм хуэпэжу дунейм тета

## Щхьэцэ Владимир къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу



**Щыlэщ цlыху, къыхиха lэщlагъэм хущlегъуэжауэ, апхуэдэ дыдэуи и лэжьыгъэм насыпыфlэ ирихъухэми уаlуощlэ. Дунейм тет къыщlэкlынкъым укъызыхуигъэщlа дыдэр щыуагъэншэу къыхэпхыфын нэхърэ нэхъыфl. Зи лэжьыгъэкlэ, lуэхущlафэкlэ апхуэдэ гузэгъэгъуэ псэуху зиlахэм ящыщщ зи илъэс 85-м мазэ бжыгъэкlэ нэмыса сурэтыщl, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, Музыкэ театрым и сурэтыщl нэхъыщхьэу илъэс плlыщlым нэскlэ лэжьа Щхьэцэ Владимир.**

1940 ГЪЭМ шыщхьэуIум и 15-м ар къыщалъхуащ Старэ Шэрэдж къуажэм. Абы дэт курыт еджапIэм классибл школыр къыщиуха нэужь, Владимир щеджащ Курск къалэм дэт художественнэ училищэм. 1963 гъэм къигъэзэжри, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым художник нэхъыщхьэу уващ а илъэс дыдэм. Илъэс 20-м щIигъукIэ щыIауэ, Владимир Музыкэ театрым ягъэкIуащ, псэухуи абы щылэжьащ сурэтыщI нэхъыщхьэу.

- КъызэрысщыхъумкIэ, си гупсысэкIэм, дуней тетыкIэм къысхуихьа IэщIагъэщ сурэт щIыныр, - къызжиIауэ щытащ зэгуэрым сыхуэзауэ Щхьэцэм. - Тхылъ седжэми, макъамэ седаIуэми, нэгъуэщI Iуэху зеспщытми, псори си нэгу къызэрыщIэзгъэхьэр сурэт щIауэт.

Художник мыхъуауэ, гъащIэм и гъуэгу зэхэкIыпIэм деж щыту и нэгу къыщIигъэхьэрти, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ иунэтIын хуейуэ щытауэ къыщыхъуртэкъым Владимир. «СызыхущIегъуэж щыIэмэ, сурэт зэрызмыщIаращ», - къыжиIат абы.

Театрым и утыкур игъэхьэзырын, игъэщIэрэщIэн Iуэху гугъум къыдэмыхуэурэ, IэдакъэщIэкI щIагъуэ хуэмыщIауэ ара си гугъащ апхуэдэу щIыжиIам и щхьэусыгъуэр. КъызэрыщIэкIамкIэ, Владимир иIэщ выставкэ пщIыуэ бгъэлъагъуэ хъун сурэт 200-м щIигъу. Ар иджыри къэс къыщIэмыхъуар мис а зэман жыхуэтIэр къыдигъахуэу и щхьэ Iуэху зэрихуэну зэрыхунэмысаращ.

Спектакль зэмылIэужьыгъуэу 100-м щIигъум елэжьащ Владимир. Художник гумызагъэм нэхъыфIхэр къыхигъэщхьэхукIын фIэфIтэкъым, дэтхэнэми и сабийм хуэдэу хуэсакъырти. Ауэ езым и гур зыгъэзагъэр режиссёрымрэ сурэтыщIымрэ зэкъуэту ящIа лэжьыгъэрат. «А тIум я гупсысэр, Iуэху еплъыкIэр зэпэщхьэхуэмэ, лэжьыгъэ екIу цIыхухэм я пащхьэм иплъхьэфынкIэ Iэмал иIэкъым», - жиIэрт Владимир.

Унагъуэ дахэ иIэщ Владимир - къуитI лъэпкъылIу ягъэсэн, лъэ быдэкIэ гъащIэм хагъэувэн яхузэфIэкIащ зэщхьэгъусэхэм.

И IэщIагъэм гукъыдэж хуиIэу, къыдэлажьэхэм фIыуэ къалъагъуу, пщIэ къыхуащIу къэгъуэгурыкIуа Щхьэцэ Владимир нобэ къытхэмытыжми, псэущ дэ и Iуэхущlафэхэр. Абыхэм щыгъуазэ и фэеплъыр гуапэу ди гум илъынущ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

● ГъэщIэгъуэнщ



# Макъамэр акъылкIэ зыхэпщIэ мэхъу

**Макъамэу зыхэпщIэфынущ тхьэмпэм я щхъыщхъ макъри, уэшхри, псым ириудэкI толъкъунри, цIырцIырхэмрэ пкIауэхэмрэ я макъри, бзум и уэрэдри... Дунейр къызэрыунэхурэ цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэ макъщ ахэр. Дауи, макъхэр зэхуэмыдэу зыхещIэ цIыхум. Уафэгъуагъуэ уэшхым игъэгузавэмэ, бзухэм я бзэрабзэ макъым гупсэхугъуэ кърет.**

ИДЖЫРИ дунейм къытемыхьэ щIыкIэ цIыхум зэхех и анэм и гум и къеуэкIэр, зэрыбауэр. Дунейм къытохьэри, макъ бжыгъэншэхэм къахохутэ. Макъыу зэхихым щыщхэр къигъэIужынуи иужь йохьэ.

Макъамэ ягъэIун гукъыдэжыр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ ар къызэрыкI Iэмэпсымэхэр къагупсысыным. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэс мин 30-м щIигъукIэ узэIэбэкIыжми цIыхухэм апхуэдэ Iэмэпсымэ яIащ: мывэмрэ къупщхьэмрэ къыхэщIыкIа флейтэмрэ арфэмрэ макъамэ кърагъэкIырт. ИтIанэ къежьащ макъамэ лIэужьыгъуэхэр: уэрэдыр, къафэр, гимныр, рокыр, нэгъуэщI куэди. Апхуэдэу, цIыхумрэ макъамэмрэ къызэдогъуэгурыкIуэ дунейр къызэрыунэхурэ. ЦIыху акъылыр ухуащ макъамэр зыхищIэу, къыгурыIуэу.

ЩIэныгъэлIхэм зэхагъэкIыу щIадзащ щхьэ куцIым щыщу сыт хуэдэ Iыхьэм макъамэ зыхэщIэнымкIэ жэуап ихьми. Композитор цIэрыIуэхэм я деж щалъагъурт гъэщIэгъуэн куэд.

1933 гъэм француз макъамэтх цIэрыIуэ Равель Морис и щхьэ куцIым сэкъат игъуэтауэ щытащ. И акъылым итт, и гурыхуагъэми кIэрыхуатэкъым. Нэхъапэм итха макъамэу хъуар гукIэ ищIэжырт. Ауэ, макъамэ хуэтхыжыртэкъым. Зэгуэр жиIауэ щытащ абы теухуауэ: «Оперэ хьэзыр си щхьэм илъщ, ауэ игъащIэкIэ схуэтхынукъым ар. Сухащ макъамэ тхыныр».

Щхьэ куцIым макъамэр зэрызыхищIэм теухуауэ америкэн нейробиолог Уейнбергер Норман «Макъамэ къарум сыт и щэхур?» статьям щетх: «Макъамэ дыщедаIуэкIэ, щхьэ куцIым ар зыхищIэн щIедзэ, зэхихыным нэмыс щIыкIэ. Макъамэр къыгурыIуэным холэжьыхь илъагъури, асыхьэтым зыхищIэри.

Зэман кIыхькIэ макъамэм хуеджа цIыхум макъамэр зыхэзыщIэ и псантхуэхэр нэхъ псынщIэу лажьэ мэхъу, уеблэмэ щхьэ куцIми абы зэхъуэкIынигъэ иретыф. Къапщтэмэ, макъамэтх цIэрыIуэмрэ цIыху къызэрыгуэкIымрэ я акъылым макъыр къызэриубыдыр зэтехуэркъым. Макъамэтхым макъамэр зэрызэхихыр процент 30-кIэ нэхъ хуабжьщ, адрейхэм нэхърэ. Уеблэмэ, абыхэм я Iэпэхэм макъамэ Iэмэпсымэр зэрагъэджэгунум я щхьэ куцIри хуэщIащ».

Яджыр макъамэр щхьэ куцIым къызэритIасэм и закъуэкъым, абы цIыхум кърит гукъыдэжыр зыхуэдэми мыхьэнэ иIэщ. Кызэрахутамкlэ, цIыхухэм я процент 80-м я зыщIыкIэм зрегъэхъуэж макъамэм: я щхъуэфэцым зрегъэIэт, егъагъ, егъэдыхьэшх, егъэгуфIэ. Макъамэм губжьыр пщхьэщех, гукъыдэжым зрегъэIэт, уеблэмэ сымаджэр щигъэхъужи щыIэщ. Абы теухуауэ телъыджэщ адыгэм и щIопщакIуэ, шэхэх уэрэдхэр.

Дунейм лъэпкъыу тетым яIэщ сабий зэрагъэудэIу макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ. Сабийр абы сабыр ищIу щIэжеикIыным холэжьыхь окситоцинкIэ зэджэ гормоныр. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, окситоциным егъэмащIэ щхьэ куцIым и Iыхьэу цIыхур шынэнымрэ гузэвэнымкIэ жэуап зыхьыр. ЦIыхур макъамэ щедаIуэкIэ нэхъыбэ мэхъу дофамин (гухэхъуэхъуэ къезыт) гормонри.

2014 гъэм къыдэкIащ «Живые внутри» америкэн фильмыр. Абы къыхощ жьы хъуахэм я унэ-сымаджэщым и лэжьакIуэм и хъыбар. Зэгуэрым абы лэжьапIэм къыздихьащ макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэр зытет айпад. Жьы хъуахэм я унэр хэщIапIэ зыхуэхъуахэр иригъэдэIуащ. Телъыджэрати, Альцгеймер узыр зыпкърытхэм макъамэм едаIуэурэ, я блэкIахэр къащIэж хъуащ. Фильмым лъабжьэ хуэхъуар къэмыгупсыса хъыбарщ. 2009 гъэм Калифорнием и университетым и лэжьакIуэхэм щхьэ куцIым къыщагъуэтащ макъамэмрэ гукъэкIыжхэмрэ зэзыпх Iыхьэ. Зэгуэр зэхихауэ щыта макъамэм едаIуэкIэрэ, абы щыгъуэ зыхищIауэ щытахэри ар зытехуа зэманри къэщIэж.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● ПщIэну щхьэпэщ

# Шмидт и пхъэхуей

***Императорым и урыс географие зэгухьэнығъэм и унафэкIэ 1859 - 1862 гъэхэм урыс ботаник, геолог Шмидт Фёдор хэтащ КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыIа экспедицэм. Ар тетхыхьыжащ Приамурьемрэ Сахалинрэ я щIыуэпсым иIэ щхьэхуэныгъэхэм, гъэщIэгъуэну гу зылъитахэм. Абы щыгъуэ къихутащ жыг лIэужьыгъуэ телъыджэ. Жыгыр къэзыхутам и цIэкIэ Шмидт и пхъэхуей фIащащ. Ар Урысейм и Приморскэ крайм къыщокI. УщрохьэлIэ Китайм, Кореем, Японием.***



### Тхылъ Плъыжьым иратхащ

Шмидт и пхъэхуейр Урысейм и Тхылъ Плъыжьым иратхащ. Мывалъэ щIыпIэхэм фIыуэ къыщокI, дыгъэ фIэфIщ, урысхэм я щIымахуэ ткIийм щышынэркъым, уеблэмэ уэгъуми фIы дыдэу полъэщ. Жыгхэм куэду зэхэту урихьэлIэркъым, атIэ зыбжанэурэ яхыболъагъуэ жыгей, уэздыгъей, псей, кIей, бзииху къыщыкI щIыпIэхэм.

Жыгыр щIэмэ, и пхъафэм плъыжь-фIыцIафэ къыщIохьэ, тIорысэмэ-яжьафэ-фIыцIафэщ. Шмидт и жыгыр илъэс 300 - 350- кIэ мэпсэу. Метр 20 - 25-кIэ докIей, сантиметр 80 и бгъуагъщ. Пэжщ, апхуэдэу лъагэ щыхъур нэхъ тIорысэ щыхъум дежщ. Япэ илъэс 50-м жыгыр къызэрыкIыр егъэлеяуэ хуэмущ. АдэкIэ зречри, псынщIэу зеужь.

### ГъущIым хуэдэу быдэщ

Шмидт и жыгыр нэхъри хьэлэмэт ещI абы и пхъэм иIэ быдагъымрэ хьэлъагъ къызэрымыкIуэмрэ. Апхуэдэ жыгыр джыдэкIэ къибудыну иужь уимыхьэмэ нэхъыфIщ - игъащIэкIэ упэлъэщынукъым. Уеблэмэ, фочышэ пхыкIыркъым. Шмидт и жыгым и пхъэр шыгуным нэхърэ тIукIэ нэхъ быдэщ, и быдагъыр гъущIым хуагъадэ.

XIX лIэщIыгъуэм щыгъуэ Приморьем иджыри тыншу щыбгъуэтыртэкъым зэрылажьэ Iэмэпсымэ куэд. Абыхэм ящыщ куэд къыхащIыкIыу щытащ Шмидт и пхъэхуейм. Пхъэр промышленнэ Iуэхухэми къыщысэбэпырт. Абы къыхащIыкIырт зэрыдэ машинэм и челнок. ИкIи ахэр куэдкIэ нэхъыбэрэ зекIуэрт. 1932 гъэм «Совторгфлот» кхъухь компанием къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэн иригъэкIуэкIащ. БахъэкIэ лажьэ катер-машинэм и шипщIагъхэр (подшипник) апхуэдэ пхъэхуейм къыхащIыкIащ, гъущIым и пIэкIэ. Шмидт и жыгыр гъущIым пэплъыт зэрыхъунум щыхьэт техъуащ ар.

### МафIэм исыркъым

Шмидт и пхъэхуейр мафIэм тыншу исыркъым. Зэгуэрым Приморье мэзым мафIэсышхуэ къыщыхъуауэ, псейхэмрэ уэздыгъейхэмрэ къахэмынэIауэ исри, Шмидт и пхъэхуейхэр къелауэ щытащ. Ар и сэбэпщ и пхъэм и Iувагъым - кубометрым хуэзэу килограмм 1048-м щегъэжьауэ 1100-м нэс. Шмидт и пхъэхуейр фыркъым. Жыгым и лъэдийр пыхауэ щIым хэлъыфынущ илъэс пщIы бжыгъэкIэ, абы щыгъуэми зыри къыщыщIынукъым, пхъафэр тегъукI мыхъумэ.

### Гъэбэгъуэн хуейуэ къалъытэ

Мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор Гукков Геннадийрэ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Разломий Натальерэ «Шмидт и пхъэхуейр Приморскэ крайм: къыщыкIыр, зэрызиужьыр, и мыхьэнэр» щIэныгъэ лэжьыгъэр зэдатхауэ щытащ. Ар ихуащ 2020 гъэм Новосибирск щекIуэкIа «ЩIым теухуа щIэныгъэр мэкъумэш щащIэхэм я зыужьыкIэм хэту» V урысейпсо щIэныгъэ конференцым хэтахэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъым. ЩIэныгъэлIхэм къалъытэ а пхъэхуей лIэужьыгъуэр хъумэн къудей мыхъуу, гъэбэгъуэнми мыхьэнэ етын хуейуэ.

**ГЪУЭТ Синэ.**




● Псалъэ шэрыуэхэм къарыкIыр

# Зы сампIэм ситI зэдихуэркъым

*Зы жьэм жьэдыхьэр жьищэм жьэдохьэ.* Псалъэр псынщIэу хэIущIыIу зэрыхъум теухуащ.

*Зы лIыр джэдыгуибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу.* Зым Iыхьэ Iэджэ лъос, зы Iыхьи ялъыскъым Iэджэм.

*Зы сампIэм ситI зэдихуэркъым.* Пашэныгъэр, бжьыпэр, тетыгъуэр убыдыным зэхуэдэу хущIэкъухэр зэгъусэу зэдекIуэкIыфыркъым.

*Зы хьэнэф зы хьэнэф и пщыжщ.* Унафи хабзи яIэжкъым: зым зыр кърехуэкI - я Iуэху зэIумыбзщ.

*Зы Iэкlэ хъарбызитI пхуэIыгъынукъым.* Iуэху зыбжанэ къызэдэпщтэмэ, язызэи къохъулIэнкъым.

*Зыгуэр къепсыху: «Упсэу!» пхужеIэжынкъым.* ЖаIэ псоми упэджыжыфынкъым, псори арэзы пхуэщIынкъым. Зыгуэрхэм я псалъэмакъ мышыухэм, хьыбарыпцIхэм гулъытэ яхуэмыфащэу къыщалъытэм деж къапсэлъ хабзэщ.

*Зыхуэмышыlэ пщтырафэщ.* Зыгуэрым ежьэнымкIэ, пэплъэнымкIэ шыIэныгъэр зыхуримыкъу хабзэ цIыхум теухуащ.

*ЗыщIэн зымыщIэжым и унэ иречри иресэж.* Игу кърихa, къигупсыса Iуэху мыхьэнэншэ зезыхьэ цIыхум ауанышIу хужаIэ.

*И гъащIэр Iэхъуэхэмыхьэу ехь.* Закъуэныгъэр нэхъ зыфIэфIу щытым теухуащ.

● ГушыIэ

# ЩIыпIэм сыщыщкъым

Чэф хьэлъэ зыгъуэта удэфаитI дыгъэр зэпаубыдауэ зэнықъуэкъурт:

- Мо тлъагъур дыгъэкъым, мазэщ, - жиIэрт зым.
- Мазэкъым, дыгъэщ, - жиIэрт адрейм.

Абыхэм япэмыжыжьэу блэкI пэтрэ, Хъуэжэ къагъэувыIэри къеупщIащ:

- Мо уафэм щытлъагъур дыгъэ хьэмэрэ мазэ? - жаIэри.
- Сэ мы щIыпIэм сыщыщкъым, сщIэркъым, - жиIэри Хъуэжэ и гъуэгу теувэжащ.

# Хъарбыз фо

● Шхыныгъуэхэр

Хъарбызыр ятхьэщI, ялъэщIыж, зэгуагъэж, жылэр и гъусэу и кур кърагъэжри, тепщэч кууушхуэм иралъхьэ. ИтIанэ хъарбызыкур зэхапIытIэ, жылэр къыхах е жылэр къыхэкIын щхьэкIэ кхъузанэм щIагъэкI.

Шыуаным иралъхьэ, мафIэм трагъэувэри, тхъурымбэр къытрахыурэ, зэзэмызи зэIащIэурэ и щхьэр техауэ ягъавэ зы сыхьэт, сыхьэтрэ ныкъуэкIэ. ИтIанэ мафIэр нэхъ ин ящI, нэхъ щIэхщIэхыури зэIащIэурэ ягъавэ.

Хьэзыр хъуа хъарбыз фор плъыжь дахэщ, Iувщ. Псори зэхэту абы и гъэвэным сыхьэти 2,5-3 ехь.

Хьэзыр хъуар къызэращIэр: абы щыщу тепщэчым зы ткIуэпс ирагъаткIуэ, ар упщIыIуа нэужь зэкIэщIэмыжу е къэпщтамэ уи IэпитIыр зэкIэригъапщIэу щытын хуейщ.



Хъарбыз фор тIэкIу ягъэупщIыIу (градус 30 - 40), абдж хьэкъущыкъым иракIэри, и щхьэр ягъэбыдэж. Лэкъум хуабэ, щIакхъуэ докIу. IэфI дыдэщ, мэ гуакIуэ къыхех.

*Халъхьэхэр:* хъарбызыкуу - г 3000.

Ва иужь абы хъарбыз фоуэ къыхокI - г 400.

● Теплъэгъуэ

# ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ

**Налшык и уэрамхэм ящыщ зым сыкъэрокIуэж лъэс лъагъуэм сытету. Ичынды нэужьщ. ЦIыхуи зэхэзекIуэркъым. Сыкъаплъэри, шууитI щыту къэслъэгъуащ. ЩIалэхэм адыгэ фащэ екIухэр ящыгъщ.**

Я ПАЩIЭ-ЖЬАКIЭХЭР дахэу тегъэщхьащ. Шыхэр дахэкIейщ.

Сигу къокI: «Мы щIалэ щIэращIэхэм, сынэсмэ, шыхэм къелъэтэхынщ, шы IумпIэр яубыдынщи, пщIэ къысхуащIу сыблагъэкIынщ».

Сынэблэгъащ. Соплъри, «селфи» ящI, зым адрейм сурэт трех. Ныбжьуи гу къысльатэркъым.

Адыгэ фащэмрэ Адыгэшымрэ зэщIэкъуа уищI си гугъэщ, сыадыгарэт сыткIи жыпIэу.

Ай, бетэмал, зэманыжь мыгъуэ...

Зэманыжьыр щыIэжамэ, си унэм нэс сынагъэсыжынутэкъэ мыпхуэдэ щIалэхэм.

Теплъэмрэ купщIэмрэ щызэтемыхуэ дунеижь. Илъэс мин бжыгъэкIэ нобэм нэс къахьэса си Адыгэ Хабзэ дахащэ.

Шым тесу, шыр яфIэфIу щIалэ бэлыхь куэди диIэщ. Хабзэри ящIэу икIи ягъэзащIэу. Абыхэм «ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ» псалъэжыр зымыщIэхэми ирагъэщIэну согугъэ.

**БАГЪ Марьям.**

● ЛIакъуэхэр

# Беслъэнейхэр

**Адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зым зэреджэщ. «Беслъэней» фIэщыгъэр къэбэрдеипщхэр къызытепщIыкIыжа Инал и къуэ Къэсей и къуэ Беслъэн деж къыщежьэу тхыдэтххэм хуагъэфащэ.**

КУРЫТ лIэщIыгъуэхэм беслъэнейхэр Псыжь (Кубань) и адрыщI Лабэ и Iуфэ щIыпIэхэм щыпсэуащ. Беслъэней пщыхэм я къежьапIэр Инал и лIакъуэ Къанокъуэщ, ауэ ахэри унагъуитIу гуэшыжащ - Щолэхъухэрэ Бэчмырзэхэрэ. А унагъуитIым яIэщIэлъащ щIышхуэ, Беслъэнейкlэ еджэу. Беслъэнейхэр къэбэрдейхэм къакIэлъыкIуэу адыгэ лъахэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щыпсэурт. XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм беслъэнейхэр я бжыгъэкIи, я псэукIэкIи адрей лъэпкъхэм я нэхъ лъэщхэм ящыщ хъуат. Ауэ абы и цIыху куэд Кавказ зауэм хэкIуэдащ, нэхъыбэж Тыркум Iэпхъуащ. Къэбэрдейхэмрэ кIэмыргуейхэмрэ яку дэса беслъэнейхэр хэкум икIыжа нэужь, зэпыча хъуащ къуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмкIэ щыпсэу адыгэхэм я зэпыщIэныгъэр, къэбэрдей адыгэбзэр адрей адыгэхэм я бзэм къыгуэщхьэхукIащ.

Мы зэманым беслъэнейхэр щопсэу Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Беслъэней, ВакIуэжылэ къуажэхэм, Адыгэ Республикэм хыхьэ Блашэпсынэрэ Улапрэ, Краснодар крайм щыщ Успен районым хыхьэ Кургъуокъуейрэ Къанокъуейрэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, беслъэнейхэр цIыху мини 8-м ноблагъэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и беслъэней диалектым ироплъалъэ, шэрджэсу ятх.

Беслъэнейхэр муслъымэнсуннитхэщ.

# Псалъэзэблэдз

*ЕкIуэкIыу:* 2. Зы ... джэдыгуибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу. 5. ... псалъэ хадзыркъым. 8. Зымышхыжын и мэкъумэш щIэкIэщ. 9. Псы Iуфэм Iусыр есыкIэкIэ .... 11. Нэдым и щхьэр умытIатэу хьэ илъру ху илърэ .... 12. Нэм фIэбэр Iэбэм ....

*Къехыу:* 1. ... и Iуданэ кIыхьщ. 3. ... щIэхщи, зэдэшхэ IэфIщ. 4. Уи шхын ... уиIу илъ хуэдэщ. 6. Зи щхьэ ... зыхуэмыщIэжыр хамэ IуэхукIэ ерыщщ. 7. ЩIэр къэхъунум щIэнэцIурэ жьы ..., жьыр блэкIам щIэнакIэурэ мэлIэж. 10. ... хиса жыгыр мэгъу.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ.**



*Шыщхьэуlум и 9-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:*

*ЕкIуэкIыу:* 4. Жэмыжьыгу. 5. Сыдж. 7. Кхъулэ. 8. Хьет. 10. Джэлам. 11. Дурэш. 13. Тут. 14. Блэ. 15. Пкъо. 16. Вагъуэбаш.

*Къехыу:* 1. КIуж. 2. Щыблэ. 3. Хугу. 5. Сэджыт. 6. Джулат. 8. Хьэрып. 9. Ташло. 12. Елгъэр. 16. Вы. 17. Шы.



# «ЯщетIагъэ» адыгэ фэилъхьэгъуэхэр

**УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къегъэщIылIауэ лажьэ ЦIыхубэ творчествэмкIэ щэнхабзэ центрым и унафэщI Жылэ Анатолэ и лэжьыгъэхэр Мейкъуапэ щагъэлъэгъуэ.**

КЪУЭКIЫПIЭ лъэпкъхэм гъуазджэмкIэ я къэрал музейм Кавказ Ищхъэрэм щиIэ къудамэм Мейкъуапэ къыщызэригъэпэщащ «Жылэ Анатолэ. Живопись. Графикэ» зыфIаща выставкэр. Гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIеубыдэ художникым сурэтыщI гъуазджэм щиIэ ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ.

- Мы выставкэм щIэдзапIэ хуэхъуам и гугъу пщIымэ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм 2023 гъэм си лэжьыгъэхэр утыку къыщыщисхьам, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ сурэтхэр Мейкъуапэ и музейми щызгъэлъэгъуэну чэнджэщ къызэрызитарт. Абы арэзы сытехъуэри, гъэлъэгъуэныгъэм зи илъэскIэ зыхуэзгъэхьэзыращ. Илъэс зэхуэмыдэхэм сщIа живопись лэжьыгъэу 25-рэ, графикэу - 55-рэ къызэщIеубыдэ мыбы, - жеIэ Жылэ Анатолэ. - 2024 гъэр тезухуащ графикэ лэжьыгъэхэм. Апхуэдэщ Данте и «Божественная комедия» тхыгъэм хуэсщIа сурэтхэр. Абы щыхьэлъ лIыхъужьхэм адыгэ фэилъхьэгъуэхэр «ящыстIэгъащ». Ахэр етIанэгъэ згъэлъэгъуэну си мурадщ. Абы ящыщу 12-р мы выставкэм хэдгъэхьащ. Лохвицкэм и тхыгъэхэм («Громовый гул», «Поиски богов») сурэтибл, Бещтокъуэм и усэхэм 30 тезухуащ. Лэжьыгъэхэр зытеухуа и лъэныкъуэкIи зэхэзэгъауэ къызолъытэ. Абыхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ялъэгъуа живопись лэжьыгъэхэм ящыщщ «Белое безмолвие», «Одиночество», «Малая Кабарда», «Исход», «Пляска беса» сурэтхэр, «Знаки земли» серием хыхьэхэр.

Анатолэ и лэжьыгъэхэм Мейкъуапэ щеплъхэм Iэмал яIэщ зэрысабийрэ езым зыщIиша, адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ дахэхэмрэ щэнхабзэмрэ къыщигъэлъэгъуа и сурэтхэм



зыщагъэгъуэзэну. Ар зыщIапIыкIа адыгэ дунейр, лъэпкъ гупсысэр лIэщIыгъуэкIэрэ мыкIуэдыжу къызэтенэн папщIэ гъуазджэм зэрыхиухуэнэным хущIэкъуащ.

Жылэ Анатолэ 1953 гъэм къыщалъхуащ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Акъбащ Ипщэ къуажэм. Тамбовскэ къуажэм къыщиухащ курыт еджапIэр. Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым и художественно-графикэ факультетым щеджащ. Ар хэтщ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм, 1979 гъэм щегъэжьауэ къэралым, республикэм, хамэ щIыпIэхэм щекIуэкIа выставкэ 50-м щIигъум и IэдакъэщIэкIхэр щигъэлъэгъуащ. Къищынэмыщlауэ, езым и лэжьыгъэхэм хухэха гъэлъэгъуэныгъэу 5 къызэригъэпэщащ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ар станковэ, монументальнэ живопись, тхылъ графикэ жанрхэм щолажьэ, театр теплъэгъуэхэмрэ телевизионнэ нэтынхэмрэ я декорацэхэр егъэхьэзыр. «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым художник-постановщикыу дэлэжьащ. Илъэс 20-м щIигъукIэ Жылэ Анатолэ иригъэджащ езым къызэригъэпэща сабий студием екIуалIэхэр, сурэтыщI гъуазджэмкIэ лекцэхэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къахуеджащ.

Жылэ Анатолэ гъуазджэм триухуа и тхыгъэ купщIафIэхэр къытехуащ республикэм, къэралым къыщыдэкI журналхэм, живописымрэ графикэмкIэ альбомищ къыдигъэкIащ. Адыгэ тхыдэм, лъэпкъ хабзэхэм фIыуэ щыгъуазэ сурэтыщIыр пасэу дунейпсо, урыс щэнхабзэхэм дахьэхри иджащ, аращи, уасэншэщ икIи гупсысэшхуэ ящIэлъщ ди блэкIар къызыхэщ и сурэтхэм. И лэжьыгъэхэм щIэ куэд хыболъагъуэ, и псалъэ шэрыуэхэм акъылышхуэ яхэлъщ.

Анатолэ нэхъыфIу илъагъу тхакIуэхэу, усакIуэхэу Искандер Фазиль, Лохвицкий Михаил, Гоголь Николай, Бещтокъуэ Хьэбас, ГубэщIыкI Владимир, Пхъэш МуIэед, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэм, гупсысакIуэхэу Къэзанокъуэ Жэбагъы, Конфуций я жыIэгъуэхэм, псалъэ шэрыуэхэм яхуищIа сурэтхэр гъэщIэгъуэнщ, удамыхьэхынкIэ Iэмал имыIэу. Художникым гу зылъитаращи, а цIыху Iущхэм я гупсысэхэр зэтехуэрт, илъэс минитIым щIигъу я зэхуакуми. Абыхэм къыхощ Жылэ Анатолэ литературэм лъагъуныгъэшхуэ зэрыхуиIэр. Шэч зыхэмылъыжращи, и сурэтхэм я фIыгъэкIэ а тхыгъэхэр тхылъеджэхэм гурыIуэгъуэ тщохъу. Псом хуэмыдэу гъэм и мазэ 12-м триухуар къехъулIащ. Абы къощ зи гугъу ищI зэманыр сурэтыщIым и нэгу къызэрыщIыхьэр. Тхыдэр, гъащIэр, лъагъуныгъэр, дахагъэр, гупсысэр къыщигъэлъэгъуа и лэжьыгъэхэм цIыхухэр дахьэх, абыхэм куэд щызэхэухуэнащ.

Жылэ Анатолэ зэрысурэтыщI IэпщIэлъапщIэм къыдэкIуэуи, жэуаплыныгъэ ин зыхэлъ цIыху гуапэщ. Дэтхэнэ зы адыгэри ирогушхуэ абы лъэпкъым и гъуазджэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIым, зэрызригъэужьым.

Выставкэр шыщхьэуIум и 25 пщIондэ лэжьэнущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**





● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Ленэ и сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэр

**Налшык и «Малахитовая шкатулка» арт-галереем щагъэлъагъуэ «Бабуль, привет! Я скучаю!» выставкэр. Абы хагъэхьащ Романовская Ленэ и лэжьыгъэхэр.**

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ жиIащ хабзэ дахэ хъуауэ художникхэр къыщалъхуа махуэр я галереем зэрыщагъэлъапIэр. Ар Романовская Ленэ ехъуэхъуащ и махуэм ирихьэлIэу и выставкэ къызэрызэIуахамкIэ.

И лэжьыгъэхэм я гугъу щищIым, Романовская Ленэ жиIащ и IэдакъэщIэкIхэр нэхъыбэу нэхъыжьхэм зэрахуигъэзар, дунейм ехыжа и адэшхуэ-анэшхуэм фэеплъ яхуищIа сурэтхэри гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхигъэхьар. Абы игу къигъэкIыжащ и анэшхуэр щыпсэу къуажэ пхыдзам жэщищ-махуищ гъуэгуанэ зэпачурэ лъагъунлъагъу гъэ къэс мафIэгукIэ кIуэуэ зэрыщытар. Илъэс куэд дэкIауэ, иджы дыдэ Ленэ а щIыпIэм тригъэзащ. Выставкэм хигъэхьащ и благъэхэм, Iыхьлыхэм захуигъэза нэужь, кърата дэрэжэгъуэм къыпэкIуа лэжьыгъэ щхъуэкIэплъыкIэхэр щызэхуихьэса плIанэпи.

Гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIахэм къыхагъэщащ Ленэ и сурэтхэм еплъхэм гукъыдэж къызэрыратыр, зэрагъэгупсысэр, ар зэрыцIыху гуапэр, хьэл-щэныфIэр. Къэпсэлъахэр Романовскэм ехъуэхъуащ дяпэкIи и лэжьыгъэ плъыфэбэхэмкIэ къахуэупсэну, гъуазджэм щиIэ зэфIэкIхэм хигъэхъуэну.

Ленэ фIыщIэ яхуищIащ и ещанэ гъэлъэгъуэныгъэм зыкъэрезыгъэхьэлIахэм, псалъэ гуапэхэр къыхужызыIахэм.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● Футбол

**Фыдогъэблагъэ!**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***
***«Б» дивизионым и Япэ гуп. ТIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ***
***«Спартак-Налшык» - «Ангушт» (Нэзрэн)***
***Налшык. «Спартак» республикэ стадион.***
***ШыщхьэуIум и 16.***
***Сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м.***

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.290
Заказыр №1765

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А